ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№41 (24.011) ● 2020 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 9, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Чайкэ Юрийрэ КІуэкІуэ Казбекрэ тепсэлъыхьащ коронавирус уз зэрыцІалэм земыгъэубгъуным хуэунэтІа Іуэхухэм

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Чайкэ Юрий КІуэкІуэ Казбекрэ КИФЩІ-м хыхьэ адрей республикэхэм я Іэтащхьэхэмрэ иджыблагъэ телефонкІэ къепсэлъащ коронавирус уз зэрыцІалэм земыгъэубгъуным хуэунэтІауэ щІыпІэхэм щызэфІагъэкІхэм, апхуэдэу социально-экономикэ щытыкІэр зэпІэзэрыту щытыным хуэгъэзауэ ялэжьхэм теухуауэ.

ЧАЙКЭ ЮРИЙ къыхигъэщащ къэралым и Президентым Урысейм и цІыхубэм защыхуигъаззм къигъэлъэгъуа псори тэмэму гъэзэщІа хъуным щыналъэхэм я унафэщІхэм я нэІэ трагъэтын зэрыхуейр, абы папщІи муниципальнэ, щыналъэ, федеральнэ къудамэ псори зэдэууэ зэрылажьэлтхъэр.

ЩІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм лІыкІуэм жраІащ медицинэ Іуэхущ1апІэхэмрэ абыхэм ялыщІа ІэнатІэхэмрэ сымаджэхэм щІэзэрыным сыткІи зэрыхуэхъэзырыр, апхуэдэуи и гугъу ящІащ цІыхухэм я узыншагъэр хъумэн, экономикэр зэпІэзэрыту щытын, хьэрычэт ІэнатІэ мыинымрэ курытымрэ я Іуэхущ1апІэхэм защІэгъэкъуэн и лъэныкъуэкІэ я дежь щызэфІагъэкІхэм.

Чайкэ абы и лъэныкъуэкІэ къыхигъэщащ щыІэ мардэхэм емыбакъуэу, цІыхухэр псом япэу зыхуей хъуэр пэрыуэгъу щымыІэу бакъуэшэлІэным мыкъэнэшхуэ зэриІэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр УФ-м транспортымкІэ и министрым епсэлъащ республикэм гъуэгухэм зыщегъэужьыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоэзэІущІэ мардэм иту епсэлъащ Урысейм транспортымкІэ и министр Дитрих Евгений. Абыхэм и гугъу ящІащ КЪБР-м и гъуэгу хозяйствэм зегъэужьыным хуэунэтІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм.

КЪЫХАГЪЭЩАЩ республикэр «ФІагъ лъагэ зиІэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр гъэззэщІэным жыджэру зэрыхэтыр. 2019 гъэм зэфІагъэкІыну я мурад лэжьыгъэ псори и пІалъэм, ягъэува мардэхэм изагъэу кърахьэлІащ. 2020 гъэм а проектым хьыхьэу Налшык къалэмрэ КъБР-м и щІыналъэхэмрэ Іуэху 95-рэ щрагъэкІуэкІынущ. Ахэр зэфІагъэкІыну я мурадщ ягъэува пІалъэхэм и пэ кьихуэу - дыззэрыт илъэсым и фокІадэ мазэм ирихьэлІэу.

ЗэІущІэм апхуэдэу щызэгурыІуащ «ФІагъ лъагэ зиІэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым хьыхьэу 2021 гъэм ягъэзэщІэну я мурад лэжьыгъэхэм нэхъ пасэу, мы дыззэрыт илъэсым щІадзэнымкІэ щыІэ Іэмалхэм хэплъэну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Адыгэ дохутырхэм я хасэ»

Медицинэ къэхутэныгъэхэмкІэ урысей лъэпкъ университетым, Пирогов Н. И. и цІэр зезыхьэм, и дохутырхэмрэ студентхэмрэ «Адыгэ дохутырхэм я хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэ къыззрагъэпэщащ, къалащхьэм щыпсэу я хэкуэгъуэхэм, зыщыщ лъэпкъ, зэрахьэ дин, я псэукІэкІэ зыхуэдэм емылъытауэ, дэІэпыкъуэгъу яхуэхъун папщІэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм щыпсэу куэд я узыншагъэм и щытыкІэр кърагъэхутэну е зрагъэІэзэну Москвеи Санкт-Петербургеи макІуэ. Къалащхьэм и клиникэ нэхъыщхьэхэм узыншагъэр хъумэнымкІэ я ІэнатІэхэм я унэтІныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм екъуІэныгъэхэр яІэу ди республикищым щыщхэр щолажьэ. Ахэр хьэзырщ я щІыналъэхэм къикІа сымаджхэм зэрыхъукІэ нэхъ псынщІэу зыхуэныкъуэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэр ягъуэтыныкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуну.

Зэгухьэныгъэр къызэгъэпэщыныкІэ щІэгъэкъуэнышхуэ хъуащ Москва къалэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и департаментым пІалъэ къызыхэкІ мыхъуну, сабий хирургиемкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым щхьэм епха узыфэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм сабийхэм еІэзэнымкІэ штатым хэмыт и Іэщ1аныгъэлІ нэхъыщхьэ, и нейрохирург, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Семэн Жаннэ.

Москва щылажьэ Адыгэ щэнхабзэ диаспорэм и нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор Агырбэ Юрэрэ зэхэкъуэгъу студентхэм я советым и унафэщІ Гъубжокъуэ Данеттэрэ я жэрдэмкІэ медицинэ университетым щекІуэкІащ адыгэ дохутырхэм я зэгухьэныгъэ къызэрызэрагъэпэщащ теухуауэ адыгэ щэнхабзэм и жармыкІэ.

- Дэтхэнэ цІыхуми хэкуитІ иІэщ - цыкІурэ инрэ. Зи хэку цыкІур лъагъуныгъэ къабзэкІэ фІыуэ зымылъагъуфым хэкушхуэм лъагъуныгъэ хуищІыфынукъым, - жиІащ Агырбэ Юрий.

«Адыгэ дохутырхэм я хасэм» и лэжьыгъэм и унэтІакІуэр Агырбэрщ икІи а Іуэхущ1апІэм зыкъыпащІэфын папщІэ и телефоныр кьиригъэлъэгъуащ: +79104575557.

Апхуэдэу зэгухьэныгъэм кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжахэм ящыщщ щІыналъэхэм егъэджэныгъэм и фІагъым щыхагъэхъуэныр. Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэр лэжьыгъэм хуэгъэхьэзырыныкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуныр.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэлыжьыхьым и 9, *махуэку*

♦**Куржым и лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**. 1991 гъэм Куржым и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ я къэралыгъуэр зэфІэгъэувэжыным теухуауэ.

♦**Косовэ Республикэм и Конституцэм и махуэщ**

♦**1667 гъэм** дунейм щыяпэу гъуэзджэм и произведенэхэм я дунейпсо выставкэ Париж къыщыізэІуахащ.

♦**1699 гъэм** Пётр Езанэм унафэ ищІащ «Москва и уэрамхэр кьабзэу щытыным кІэлъыплъынымрэ ахэр къэзыуІэпІхэм тезыр ятелъхьэнымрэ теухуауэ».

♦**1928 гъэм** Тыркуми и дин нэхъыщхьэу щагъэуващ ислъамыр.

♦**1940 гъэм** нацист Германием и дзэхэр Норвегиемрэ Даниемрэ иэзрыгуащ.

♦**1945 гъэм** советыдзэхэм Кёнигсберг кьалэ-быдапІэр (иджы Калининградщ) яубыдащ.

♦**1946 гъэм** СССР-м и Министрхэм я Советым къыщтащ ЩІэныгъэхэмкІэ академием и лабораторие №2-р къызэрэпэщыным теухуа унафэ щэхур. Новгород Ищхъэрэ областымрэ Мордовиемрэ я гъунапкъэм хуэзэ а Іуэхущ1апІэм, Арзамас-16 жьхуаІэм, совет ядернэ Іэщэр щащІым хуейуэ къалэн яІэт.

♦Совет актёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Сафонов Всеволод** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Франджы актёр цІэрыІуэ **Бельмондо Жан-Поль** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦КъэралкъулыкъушІэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1у щыта **Черномырдин Виктор** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Азэмэт Лалушэ** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Литературовед, критик, къэрал лэжьакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Тхьэгъэзит Юрий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ Къайсэр вилайетым и губернатору щыта **Джамбулэт (Яхэгуауэ) Нихьэт** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 10, *мэзрем*

♦**Фашизмэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ**. Ильэс къэс мэлыжьыхьым и 10-м дунейм и щІыпІэ куэдым ягу кьыщагъэкІыж етІуанэ дунейпсо зауэм и зэманым Ещанэ рейхым и дзэхэм ябыда къэралхэм исхэм ящыщу фашизмэм ебэнурэ хэкІуэдахэр.

♦**Зэдзэлъхуэзшыпхъухэм я махуэщ**

♦**Азербайджаным щагъэлъапІэ Ухуакіуэм и махуэр**

♦**1925 гъэм** Царицынэ къалэм и цІэр Сталинград ящІэу зэрахьэкІащ. 1961 гъэм абы Волгоград фІащащ.

♦**1944 гъэм** Одессэ къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІжащ.

♦**1945 гъэм** Иуан Хьэсэн Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр кьыфІащащ.

♦**1964 гъэм** «КЪБР-м и цІыхубэ усакІуэ», «КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «КъБР-м щыхь зиІэ и ухуакІуэ» цІэ лъапІэхэр ягъэуващ.

♦**1981 гъэм** Москва къыщызэІуахащ Космонавтыкэм и музей.

♦**2010 гъэм** Смоленск деж къыщехуэхащ Ту-154 кхъухьлъатэр. Абы иса цІыху 96-р хэкІуэдащ, Польшэм и президент Качиньский Лехи яхэту.

♦Америкэм щыщ журналист, а Іэщ1агъэм ирилажьэхэм я Іэдакъэщ1экІ нэхъыфІхэм папщІэ ират саугъэтыр зыгъэзыуащ щыта **Пулитцер Джозеф** къызэралъхурэ илъэси 173-рэ ирокъу.

♦ЯпІэ адыгэ бзэщІэныгъэлІ **Іэщхьэмахуэ Даут** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубэ артист, дирижёр цІэрыІуэ щыта **Силантьев Юрий** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, журналист, фильм зыбжанэм я сценарийхэр зытха **Липатов Виль** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ цІэрыІуэ, УФ-ми СССР-ми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Ахмадулинэ Бэллэ** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦СССР-м щыхь зиІэ и энергетик, Урысейм и ЕЭС-м щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м щыхь зиІэ и энергетик **Хьэмыкъуэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал къулыкъушІэ, политик, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор **Явлинский Григорий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр цІэрыІуэ, айкидо спорт лІэужьыгъуэм и мастер, Урысейм и МИД-м ди къэралымрэ США-мрэ гуманитар зэпыщІэныгъэхэмкІэ и лІыкІуэ хэхауэ 2018 гъэм ягъэува **Сигал Стивен** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу. 2016 гъэ льандэрэ ар УФ-м и цІыхущ.

♦УФ-м щыхь зиІэ и артистэ **Дау Марьянэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Радиожурналист **Гъурф Бэллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр **Лу Рэмэзан** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущ1ыгъэ:

Зы пщІым пэжищэ егъэулъий.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыцІалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкІэлъыплъынымкІэ и Оперативнэ штабым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыцІалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкІэлъыплъынымкІэ и Оперативнэ штабым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 13-м кьыдигъэкІа Унафэ №29-РГ-мкІэ кьищтам, мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Оперативнэ штабы хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Бакъ Н. Хь. - Къэрал Іуэхущ1апІэм - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Биту А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Къарэ М. А. - «Къэббалъкъэнерго» - Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм токыр ятезыгуашэ компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Попов Д. П. - Налшык къалэм транспортымкІэ и прокурорыр *(зэгурыІуауэ)*

б) Оперативнэ штабым къыхэгъэкІыжын Къумыкъу І. М.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м
№38-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм шэщІауэ зегъэужьыныр къызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхухэмкіэ Оперативнэ штабым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Урысей экономикэм шэщІауэ зегъэужьыным хуэгъэпса Правительственнэ комиссэм и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 5-м кьыдигъэкІа унафэ №236-м щыубзыхуахэр ГъэззэщІэным ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и власты и гъэззэщІакІуэ органхэр, властым и федеральнэ гъэззэщІакІуэ органхэм я щІыналъэ къудамэхэр, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ органхэр зэдагъэлэжьэным хуэунэтІауэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм шэщІауэ зегъэужьыныр къызэгъэпэщын мурадкІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм шэщІауэ зегъэужьыныр къызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхухэмкіэ Оперативнэ штаб къызэгъэпэщын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм шэщІауэ зегъэужьыныр къызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхухэмкіэ Оперативнэ штабыр мы унафэм щыІуэ гуэздэным къыщыгъэлъэгъуахэр хэту къэщтэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм шэщІауэ зегъэужьыныр къызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхухэмкіэ Оперативнэ штабым (адэкІэ - Оперативнэ штаб) и лэжьыгъэр зэрагъэпсыну щыкІэр зыубзыхуар абы и унафэщІырауэ гъэувын.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм шэщІауэ зегъэужьыныр къызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхухэмкіэ Оперативнэ штабым къэрал властым и гъэззэщІакІуэ органхэм я лэжьыгъэр зэтриухуэн, гъэззэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм я щІыналъэ органхэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ органхэм зэдагъэлэжьэным хуэунэтІауэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм шэщІауэ зегъэужьыныр къызэгъэпэщын мурадкІэ: коронавирус уз зэрыцІалэм (2019-nCoV) зиубгъуным пыщІахэри абы хьыхьэу, хуэунэтІа Іуэхухэр зэхэлъхьэнымрэ гъэззэщІэнымрэ.

5. Мы Унафэм кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м
№39-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м кьыдигъэкІа Унафэ №39-РГ-мкІэ кьищтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм шэщІауэ зегъэужьыныр къызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхухэмкіэ Оперативнэ штабым

ХЭТХЭР

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ыр *(Оперативнэ штабым и Іэтащхьэщ)*

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(Оперативнэ штабым и Іэтащхьэм и къуэдзэщ)*

КІэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(Оперативнэ штабым и Іэтащхьэм и къуэдзэщ)*

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащьхьэщыжыныкІэ и министрыр

Афэщыж Ю. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьэрычэтыщІэхэм я хуитныгъэхэр хъумэныкІэ и уполномоченнэр *(зэгурыІуауэ)*

Іэхъуэбэч Щ. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Бейтыгъуэн З. Хь. - «Урысейм и Ахъшэ хъумапІэ» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэ №8631-м и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Белецкая О. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм хьэрычэт ІэнатІэ цІыкІумрэ курытымрэ зегъэужьыныкІэ и департаментым и унафэщІыр

Войтов А. И. - «Іуэху щызэфІагъэкІ Урысей» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыІэ налъэ къудамэм и унафэщІхэм ящыщыр *(зэгурыІуауэ)*

Гъащтэ А. А. - Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым Къэрал статистикэмкІэ и федеральнэ къулыкъушІэпІэм и управленэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Гъэбэщ1ыкІ А. Ю. - Федеральнэ налог къулыкъушІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

ГъукІэлі Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сату-промышленнэ палатэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Дыщэкі А. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрыр

Къылъшыкъуэ А. И. - «ОПОРА России» хьэрычэт Іуэху цІыкІумрэ курытымрэ дэІыгъыныкІэ урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Къуныжь М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Мэкіуашэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмрэ псэупІэм и ІэнатІэм щыкІэлъыплъыныкІэ и къэрал комитетым и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Пщыншэ Хь. Хь. - Федеральнэ антимонопольнэ ІэнатІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ управленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Сыжажэ Хь. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш ІэнатІэмкІэ и министрыр

ТІымыжь Хъу. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм социально-экономикэ зэхъуэкІыныгъэхэмкІэ и департаментым и унафэщІыр *(Оперативнэ штабым и секретарщ)*

Тхьэмокъуэ А. Ч. - Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм и Ипщэ управленэ нэхъыщхьэм и Лъэпкъ банкым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Хьэжу В. Щ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я зэгухьэныгъэ» лэжьапІэ зытхэм я щІыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Щ1ыдэжэщІыкІу М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр.

КЪБР-м коронавирусым кІэлъыплъыныкІэ и Оперативнэ штабым къет

2020 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м

Узыр япкърытрэ япкърымытрэ къахутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр - 3.309-рэ
Сымаджэ хъуахэр - 23-рэ
Иужьрей жэщ-махуэм къриубыдэу къахутахэр - 10
Хъужахэр - 1
Вирусым и зэранкІэ дунейм ехьжахэр - 0
Я унэхэм щІэсу зыкІэлъыплъхэр - 960-рэ

Къардэн лъэпкъым къыхэкIа лIыхъужьхэр

Ди къэралым и мызакъуэу, дунейм и щIыпIэ куэдым накъыгъэ мазэм щагъэлъэпIэнущ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр Совет Союзым и ТекIуэныгъэкIэ зэриухэр илъэс 75-рэ зэрырикъур. СССР-м и цIыхубэр илъэси 4-кIэ псэемыблэжу зыщIэбэна, зыщIэныгъэупса а фIыгъуэр - ТекIуэныгъэ Иныр - къэхъыным хэлъхьаныгъэшхуэ хуащIащ ди къэралым хыхь дэтхэнэ щIыналъэми, абыхэм щыпсэу лъэпкъхэми. Зи гъащIэм щымысхьу зауэшхуэм хэтахэм ящыщщ сэ сызыщыщ Къардэн лъэпкъым и щIалэхэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу, Къардэн унэцIэр зэрахьэу фронтым дэкIащ щIалэ 464-рэ. Абыхэм ящыщу 407-р зауэм зэкIуэдащ, щIыху 15-р хъыбарыншу кIуэдащ. Хэку зауэшхуэм и губгъуэхэм икIуэда ди къуэшхэм ящыщу щIалэ 297-м я хьэдэр щыщIалъхьар иджыри белджылыкъым.

ХЭКУ зауэшхуэм хэта къэбэрдей Къардэнхэм я щIалэ 464-м къахэкIаш Совет Союзым и ЛIыхъужьу 2, зы генерал, офицеру 16, сержантрэ старшинауэ 17. Дэфтэр хъумапIэхэм щIэлъ тхылъымпIэхэм нэIуэ къызэращIыкIэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь щIэр къыфIащыну Къардэн лъэпкъым щыщу ягъэлъэгуауэ щытащ щIыхуи 10, арщхьэкIэ а щIэ лъапIэр зратауэ Къардэнхэ къахэкIар щIыхуи 4-щ: тIур Къэбэрдей-Балъкъэрым, тIур - Къэрэшей-Щэрджэсым щыщу. Адрей щIали 8-м щIыхьыщхьэсакъым щхьэусыгъуэ зырызкIэ.

Уэхьид

КъардэН Къубатий Лэкъумэн и къуэр, авиацэм и генерал-майорыр, КъБР-м и Совет районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэм и япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ зауэм хэтащ, фронт зэмылIэужьыгъуэхэм хэту. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэкIэ 1943 гъэм и шыщхьэIуфIм и 24-м къыфIащащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъагэр. 2011 гъэм дунейм ехыжащ.

Мурат

КъардэН Къэбард Лэкъумэн и къуэр КъБР-м и Совет районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1922 гъэм къыщалъхуащ. УФ-м и Президиум 1990 гъэм нэкъыгъэм и 5-м къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ, Къэбард иратыжащ 1944 гъэм къыхуагъэфэщауэ щыта «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъагэр. Абы фэеплъ 1991 гъэм щыхуагъуэващ щыхэкIуэда Чортков кьалэм (Украинэ).

КъардэН Мурат Iэсхьэд и къуэр КъШР-м и Адыгэ-Хьэблэ районым хыхьэ ВакIуэ-Жылэ хьэблэм 1916 гъэм къыщалъхуащ. Дзэ Пльыжьым къулыкъу щищащ 1939 гъэм щыщIэдзауэ. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ 1944 гъэм и бадзэуэгъуэм и 1-м къыфIащащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр. 1987 гъэм дунейм ехыжащ.

КъардэН Уэхьид Мусэ и къуэр КъШР-м хыхьэ Псэукlэ-Дахэ хьэблэм 1924 гъэм къыщалъхуащ. 1943 гъэм и мэлыжьыхьым Дзэ Пльыжьым ираджащ. 1944 гъэм и бадзэуэгъуэм зауэм хэкIуэдащ. Абы щыгъуэ ар иджыри илъэс 20 ирикъуатэкъым. УФ-м и Президиум 1998 гъэм и мэкъуауэгъуэм и 30-м къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ, Уэхьид фIащащ «Урысей Федерацым и ЛIыхъужь» цIэр, Хэку зауэшхуэм щызэриха лIыгъэхэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ.

Хэпьа лIыгъэкIэ СССР-м, УФ-м я ЛIыхъужьхэу Къубатий, Къэбард, Мурат, Уэхьид сымэ къажIэрыхуркъым

КъардэН Владимир (Генэ) Темыржан и къуэр, подполковникыр. Ар КъБР-м и Аруан районым хыхьэ Арщыдан къуажэм 1967 гъэм къыщалъхуащ. И лъэпкъэгъу лIыхъужьхэм я щапхъэм тету, ар хахуэу хэтащ 1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щекIуэкIа зауэм икIи 1993 гъэм абы хэкIуэдащ. Абхъазым и Iэтащхьэм кьыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, Владимир фIащащ «Абхъазым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр.

Ауэ щыхъыкIэ, КъардэнхэмдиЛъэпкъым ЛIыхъужь цIэр зыхуагъэфэщауэ щIыхуи 5 кьытхэкIащ. Ди лъэпкъыцIэр жыжьэ зыгъэIуэ а лIыхъужьхэм я гъащIэр щапхъэу яхуэдгъэлъагъуэу догъасэ КъардэнхэкIэ кьытщIэхьуэ щIэблэкIэр.

КъардэН Хьэдис, *тхьэд щIэныгъэхэм я кандидат, Къардэнхэ я лъэпкъ зэгухьэныгъэм и тхьэмадзэм и къуэдзэ.*

Къубатий

Къэбард

Владимир

★★★

75

Хэку лъагъуныгъэр игъэнэхъапэу псэуа Бэтокъуэ Нияз

● Фэеплъ

ХамэщI щыпсэу, адыгэу зызылъытэж псоми я щIасэщ Хэкужьыр. АдыгэщIыр я псэм хэлъу, адыгэ тхыдэр я гъым хэту, я гур мыбыкIэ къеIэу мэпсэу аxэр. Адэжь щыналъэр зэзыгъэгъуэтыжыфу, тхыдэм и къэгъэшыпIэ задэхэм я зэранкIэ нэхъыжьыфхэм ипэкIэ яфIэкIуэдауэ щыта лъахэр псэупIэ зыщIыфхэри щыIэщ. Дауи, абыхэм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъ мащIэщ зи «лыр абы щыIэми, къупщхьэр Къэбэрдейм ейуэ» къэзылытэу хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ мелуанхэм нэхърэ. ИтIани, апхуэдэхэр щыщIащ икIи ноби щыIэщ, сызэригучIэмкIи, аxэр ящыщщ адэжь щыналъэм и псэкупсэ нэсхэм.

ХЭКУЖЬЫР зи псэм хэлъу абы къэзыгъэзэжахэм ящыщащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, Кавказыр джыныкIэ центрыр Париж дэт Сорбоннэ университетым къыщыIэзыгъэпэщащхэм яхэта, КъБКъУ-м щезыгъэджа, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу щыта Бэтокъуэ Нияз. Еджагъэшхуэм жиIэжу зэрыщытамкIэ, и гъащIэм щыщу адэжь щыналъэм зэрыщыпсэужа иужьрей илъэсхэращ и гумрэ и псэмрэ жьы дихуу, псэхуГъуэ ягъуэту щекIуэкIар. Хэкум къэIэпхъуэжыну триухуэу я мурадыр зэрызригъэхъулIами зэи хущIегъуэжакъым Нияз, адэжь щыналъэм хуэгъэпса лъагъуныгъэр адрей гурыщIэ псоми елъагэкIыу къэзылытэу, ар зыгъэнэхъапэу псэуа цIыху щыпкъэр.

Бэтокъуэр 1940 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м Сирием къыщалъхуащ. Ар къыщыхъуащ адыгэхэр нэхъ зэуIуу щыпсэу Джолан лъагапIэхэм я КьунейтIрэ куейм. ПэщIэдзэ школри курыт аджапIэм абы къышухащ Нияз. ЩIалэ гурыхуэм дзыкъ къыхуащIащ егъуджэныгъэ IэнатIэм пэрыуэну икIи илъэситI хуэдизкIэ КьунейтIрэ и курыт школхэм ящыщ зым хьэрпыбзэр щригъуджащ. 1967 гъэм адыгэхэр а щIыпIэхэм кьрахуа нэужь, ахэр Сирием хэгуэша хъуащ, зыкъомри нэгъуэщI къэралхэм Iэпхъуащ. Зи псэупIэр зыхъуэжахэм ящыщащ Бэтокъуэхэ я инагъэри.

А лъэхъэнэм Алжирым Iэпхъуащ Бэтокъуэхэ я инагъэр икIи Нияз Iэжьыгъэм щыпищащ а къэралым и курыт школхэм языхэзым. Илъэс зытхухкIэ щыIащ а щIыпIэм ар, и гъащIэ псор адэкIэ зэрыхъунум и пэщIдзэ IэхэугъуэхэрэкIэ абы щыублащ.

Бзэ щIэныгъэм хуабжу дихьэх егъэджакIуэр набдзэгубдзаплъэу якIэлъыплъырт хамэбзэ зэщIыну я зыужькIэм. Псом хуэмыдэу ар итхьэкъуэу франджыбзэм икIи ар езыр-езыру зригъэщIэн щIидзащ. Щхьэхуимыту узыIэпызышэ малъхъэдисым хуэдэу къыщIэкIащ франджыбзэр Нияз и деж. А бзэм и зэхэлъыкIэм ар апхуэдизу дихьэхати, мурад ищIащ абы нэхъ кууэу хуеджэну, абыкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну. Абы щьхэкIэ Франджым кIуэн хуейт. Абы ирихьалIэу дунейм ехьжат абы и адэ Мухьэдин, унагъуэ ихьэри Иордан нием Iэпхъуат и шыпхъу нэхъыжь Надие. И анэ Хьэжыхъан къыбгъэдэнэн нэгъуэщI сабий къащIэхъуатэкъым Бэтокъуэ зэщхьэгъусэхэм: зэрыбыниблым щыщу балигъыпIэм нэсар Надиерэ Ниязрэт, адрейхэр узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм цIыкIуу яхьакIэт.

Анэм и деждэ тынштэкъым тегъэщIапIэрэ гугъапIэу кьыхуэна щIалэ закъуэр хамэ щыпIэ жьыжьэм иутIыпщыну, ауэ абы хуэзфIэкIащ и щхьэ Iуэхум япэ и быным и хъуэпсапIэр иригъэувэн. Ар фIыуэ щыгъуазэт и щIалэр франджыбзэм хуабжу зэрыдихьэхам, абыкIэ иIэ зэфIэкIхэм адэкIэ хигъэхъуэну зэрыщIэхъуэпсри гурэ псэкIэ зыхищIэрт. Нияз Париж кIуэу абы я къэралуниверситетым франджыбзэм щыкIуэжаныр мурад зэриIэр и анэм щыхуIуэтам, абы кьыжриIауэ щыта псапIэхэр иужькIэ зэи щыгъупщакъым абы. «Уи Iуэху абы нэхъ щыдэкIынумэ, уи лъэр нэхъ быдзу щыувынумэ, си щIалэ, сэр щхьэкIэ умыгузавэ, сыпхуэзарэзыщ, гъуэгу мэхъу», - арат анэм жэуапу итар, зымащIэрэ хэгупсысыхьа нэужь... Тхьэм ещIэ, ар абы щыгъуэ зэгупсысар. ЩIытыкIэ щымыщIагъуэ къэралым кьуэр къригъэкIмэ нэхъ кьищIауэ пIэрэ, и псэр хьумэ зэи щыхьэкIэ? Сытми, Нияз и мурадыр анэми таучэл дищIри, щIалэр Франджым кIуау.

Iуэхум Iэпэощьхьэпо гуэрхэр хэлъами, ахэр кьиузэринэкIри, Нияз 1970 гъэм Франджым нэсащ. ЯпэщIыкIэ абы университетым щIэтIысхьэным зыхуигъэхьэзыращ, франджыбзэр иджу, пэлъэ литературэм зэрыкъуэкIэ щыгъуазэ зыхуищIу. ИтIанэ Париж дэт Сорбоннэ университетым франджы литературэмкIэ и кьудамэм щIэтIысхьащ. А Iэщ Iагъэм Нияз илъэсыкIкIэ хуеджащ, диплом лэжьыгъэри итхыжри пхигъэкIыжащ. ИужькIэ литературэ зэгъэщIэныгъэм магистратурэм щхьэхуэу илъэситIкIэ щыхуеджэжащ, абыкIи диплом кьратащ. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ, кьыхиха Iэщ Iагъэр хуабжу зыфIэхьэлэмэт Iэщ IагъэлI щIалэр абдежым кьыщыувыIакъым. Зэман куэд димыгъэкIыу университетым и аспирантурэм щIэтIысхьащ. Зы илъэсым и кIуэцIкIэ кандидат лэжьыгъэр игъэхьэзырауэ щытащ Бэтокъуэм икIи 1978 гъэм ар екъуIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ Сорбоннэ университетым, филологие щIэныгъэхэм я кандидати хуащ. А университетым щылажьэурэ, щIэныгъэлIыр доктор диссертацэми иужь икIащ. ИлъэситхукIэ елэжьа нэужь, ар утыку кьрихьащ. Диссертацэхэр къэзыпщытэ гупыр арэзы техъащ Бэтокъуэм и къэхутэныгъэ купщIафIэхэм, щытхъушхуи хужаIащ. Ари ехъуIэныгъэ иIэу пхигъэкIащ Нияз икIи 1983 гъэм филологие щIэныгъэхэм я доктор цIэ лъагэр кьыфIащащ.

Адыгэгурэ адыгэпсэрэ зиIэ щIалэм и щIэныгъэ-хьэхутэныгъэ къэхъуэжар псори зытеухуар адыгэбзэрат. Ди анэдэлъхубзэр Iурыпсу, хьэрпыбзэри ищIэу, франджыбзэми фIы дыдэу щыгъуазэ зыхуищIа нэужь, абы запищащ Франджэт, Дунейм тет бзэхэр джныныкIэ лъэпкъ къэхутакIуэ институтым. Абы и Iэщ IагъэлIхэм зи зэхэлъыкIэр хуабжу яфIэхьэлэмэт бзэхэм ящыщу къыщIэкIащ адыгэбзэр. И къэхутэныгъэхэр адыгэбзэмрэ франджыбзэмрэ я зыужькIэмрэ зэщхьу е зэщхьэщыкIныныгъэу яхэлъхэмрэ триухуэну Бэтокъуэм щыжиIэм, ар къыдалыгъащ щIэлъэпIэ и щIэныгъэлIхэм. Зыхуеиххэр арати, фIэфIу, фIэгъэщIэгъуэну лэжьыгъэм яужь ихьащ адыгэ щIалэр, зэман кIэщIым кьриубыдэуи зэфIихащ. Абы и деждкIэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр зыпIэщIэу псэу и Хэкужьым, адэшхуэ лъахэм, нэхъ гъунэгъуу пыща зэрыхъуфарат, и псэм щигъафIэ ди анэдэлъхубзэм папщIэ зыгуэр зэрилажьарат.

А лъэхъэнэм иубла Iуэхум и гъащIэ псор тыхь хуищIащ щIэныгъэлIым. 1987 гъэм абы къыдигъэкIауэ щытащ томитIрэ Iыхьихьу зэхэт «Адыгэбзэ-франджыбзэ псалъалъэм» и япэ Iыхьэр. А псалъалъэм и кьыкIэлъыкIуэ тхылъэр дунейм кьытехьащ 1990, 1992, 1995 гъэхэм. 2005 гъэм хьэзыр хуащ икIи кьыдэкIащ иужьрей тхылъитIыр. Ахэр псори Франджым и къэралуниверситетым кьыщыдэкIащ. А щIыпIэм щыIэ щIэныгъэлIхэми щыпсэу ди къэпхъэгъуэхэми яфIэхьэлэмэту къахэхуэцIыхьэпащ, иужькIэ, лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм, ди щIыналъэм къэкIуэжу КъБКъУ-м хамэ къэралыбзэхэмкIэ и факультетым щыщригъэджами, лэжьыгъэм хьащагъэсэбэпащ езыми иригъаджэ студентхэми.

А псалъалъэхэр ауэ лексикографие лэжьыгъэ къудейуэ аракъым, атIэ псалъэгъэнахуэ хьэлэмэтщ, купщIафIэщ. Абыхэм къыщыгъэльагъуащ иджырей адыгэбзэм и зыужькIэм хуэмыдэу зэрызэдзкъумрэ яIэ щхьэхуэзыгъэхэр, адыгэбзэмрэ франджыбзэмрэ зэрызэдзкъумрэ яIэ щхьэхуэзыгъэхэрэ. НапэкIыуэ 2200-м щигъу я псалъалъэхэм ярытщ псалъэ минищэ бжыгъэ. Ар лэжьыгъэшхоу, Академикхэу Соболевскэмрэ Виноградовымрэ, псалъалъэ зэхэзыгъэувэфа щIэныгъэлIхэм щатепсэлъыхькIэ, куэдрэ щапхъэу кьахьу щытащ дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ Готфрид Герман и псалъэхэр: «Бзэ щIэныгъэм нэхъ гугъу дыдэу IуэхутI хэлъщ: ар псалъалъэ (псалъэгъэнахуэ) зэхэлъхьэныкъэ грамматикэ птхынымрэщ». Псалъэгъэнахуэ псалъалъэ зэхэгъэувэныр сыт хуэдэ лъахъэни къалэнышхуэ зыпылъу къелъытэ ди лъэпкъ щIэныгъэлI пажжэм ящыщ Апажэ Мухьэмэдэ. Лексикографым и лэжьыгъэр гугъуагъкIэ Геркулес и лIыхъужьыгъэм зэрыхуагъадэр мыззмытIэу жиIащ Апажэм. АтIэ апхуэдизэ зэфIэкI кьыкIуэкIат щIэныгъэлI щыпкъэ Бэтокъуэ Нияз.

Апхуэдэу, щIэныгъэ Iэзэхуэмрэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэмрэ зэщIаIыгъэу, Бэтокъуэр илъэс 13-кIэ Париж щыпсэуащ. 1984 гъэм ар и анэм дежкIуэжащ, ар зыщIигъури и шыпхър зыщыпсэу Иордание къэралыгъуэм Iэпхъуащ. Амман дэт къэрал университетым ирагъэблагъащ щIэныгъэлI цIэрыIуэр икIи абы франджыбзэр илъэс зыхыблкIэ щригъэджащ, и къэхутэныгъэхэми абы щыпищэу.

Зи Iэзэхуэр хъарзынэу зэтеуа, и Iэнатlэкlи лэжьыгъэм щIэ екъуIэныгъэкIи тэмэму екIуэкI щIэныгъэлIыми псэхуГъуэ игъэтырэткъым. Зэи игу имыкIыу ар щIэхъуэпсыр адэжь щыналъэм къигъэжащ. И гурыщIэр зы махуэм нэхърэ адрей махуэм нэхъ лъэщыж хъурт, пэмыльэщыжу. АбыкIэ Нияз щIэх-щIэхьыуэ ядэгуашэрт и щыпхъумрэ и анэмрэ. Аxэр езыхэри, хамэщI щыпсэу адыгэ мелуанхэми яхуэдэу, зэщIиныгъэрт а гупсысэм, ауэ тегушхуэу Хэкум къэкIуэжьфыртэкъым. ИкIэм-икIэжьым, и анэмрэ си анэкъиныхумрэ кьыдаIыгъыу, Бэтокъуэм мурад ищIащ Къэбэрдейм къэкIуэжыну. Абы ирихьалIэу СССР-р зэхэщэщэкри, къэрал гъунапкъэхэри нэхъ зэIуха хъуат.

1991 гъэм Хэкужьым къигъэзэжащ Нияз. Илъэс 50-кIэ езыр зыщIэхъуэпса, и адэ-анэм, адэшхуэ-анэшхуэм, хамэ къэралхэм щыпсэууэ адыгэу зыкъэзылъытэж апхуэдэ цIыху минхэм я псэ лъащIэм щагъэфIа гурыщIэмрэ гуэлъымрэ зыIэригъэхьат хэкупсэм. Ар Налшык къала уэрамхэм ирикIуэрт, адэжь щыналъэм и лъэр зэрыщытеувэр и фIэщ щымыхъуж дакъикIи къыхэкIыу. «Ар пэж!? Мыр сэра!? СыздэщыIэр Хэкужьыра!?» - къэувыIэурэ езыр зэIупщIыжырт, зэгупсысыжырт хэкупсэ нэсыр. Бэтокъуэм и гум щыхъэмрэ и псэм щыщIэмрэ псалъэкIэ къэIуэтэгъуейт... Ар пэжт. Мыр езырат. ЗдэщыIэри Хэкужьырат.

Псом япэрауэ, Бэтокъуэр яужь ихьащ и благъэ-Iыкъльхэр къэгъуэтыжыным. Абы и адэшхуэ Бэтокъуэи (иужькIэ я унагъуэцIэр абы къытекIыжащ) и адэ Мухьэдини Iэджэр къыхуаIуэтат адыгэ Хэкужь хъыбархэр. КъыхэзгъэщIапхъэщ Бэтокъуэхэ я унагъуэм анэдэлъхубзэм пщIэ хэха иIэу, ар илъу сыт щыгъуи зэрыщытар. Хьэрпыбзэр сабийкъэм къыщащIэри щрипсалъэри щюлырат - унагъуэм щыгъэкIуэр адыгэбзэт. Абы хуэсакъырт нэхъыжьхэр. ФIыр зи гугъапIэ абыхэм щIэблэм жраIэрт я анэдэлъхубзэр хъумэн зэрыхуейр, «нобэ мыбы дыщыIэми, пщдэй ди щIыналъэ дгъуэтыжмэ, хьэдэгъуэдахэхъэ ди бзэкIэ дымыпсэлъэжыфыныр, ди хабзэхэр дымыщIэжыныр, сыт напэр диIэу даIуплъэжыну абы къэнахэм» псалъэхэр куэдрэ зэхращэхырт. Нэхъыжьхэм я жьIэмрэ я гъэсэныгъэмрэ ящыщу Ниязрэ. Хэкужьым къыщыкIуэжами, ахэращ ар лъэпкъым хэзэгъэжьынмкIэ тегъэщIапIэ хуэхьуэ. Абыхэм я хъыбархэр и гъэгугъэ-лъагъуэу Тэрч щIыналъэм къыщигъуэтыжащ и Iыхьлыхэри.

Къэбэрдейм къэкIуэжа нэужь, куэд дэмыкIыу ар егъэджакIуэжа къащтащ КъБКъУ-м хамэбзэхэмкIэ и факультетым. Илъэс зыбжанэкIэ абы щригъэджа нэужь, Бэтокъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым иригъэблагъауэ щытащ а зэманым а Iуэхущ IапIэм и унафэщIу лэжьа щIэныгъэлI цIэрыIуэ Думэн Хьэсэн. Абы Бэтокъуэр щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу илъэс куэдкIэ щылэжьащ, пщIэ щиIэу, нэмыс хъыхуащу. Улахэшхуэ имыIами, абы гукъыдэж иIэу и Iэнатlэр ирихьакIащ, пIэкI псори и Хэкум и зыужьныныгъэм ирихьэлIэмэ фIэфIу. Хэкупсэ нэс Бэтокъуэ Нияз и деждкIэ псом ящхьэр и адэжь лъахэм зэрисыжырат, и анэдэлъхубзэмкIэ хуитху зэрыпсэлъэфырат, Iуащхьэмахуэ лъапэ щетIысхэа и лъэпкъым ифI къызэрыкIын Iэзэхуэр зэрызэфIихыфырат.

2014 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм щIэныгъэлIыр дунейм ехыжащ, куэдри мысымащIэжауэ. Бэтокъуэ Нияз Iэзэдин и къуэм и фэеплъыр яхъумэ абы къыдэлэжьахэм, зыщIыкуу щытахэм. Зи Хэкур гурэ псэкIэ зыльъагъуф, абы и екъуIэныгъэм папщIэ IъакI псори яхьэлэту зылэжьыф цIыхум ноби и щапхъэщ Бэтокъуэм и гъащIэ купщIафIэр. Псэужамэ, мэлыжьыхьым и 11-м, Нияз и ныбжьыр илъэс 80 ирикъунут.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Ди махуэгъэпс

Щым и щэхур къэзытIэщIхэр

Дызытепсэукl щым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къэбгъэсэбэп зэрыхъунум ехьэлIа сатырхэм дащрохьэлIэ алыдж еджагъэшхуэхэу Пифагоррэ Аристотельрэ къызэранэкIа я тхыгъэхэми, щIэныгъэм а и къудамэми хэлъыфIыхьа философ, сурэтыщI, тхакIуэ цIэрыIуэ Леонардо да Винчи и лэжьыгъэхэми.

АРЩХЬЭКIЭ геологие щIэныгъэм зиужьын щыщIидзар щым къыщIах хъугъуэфIыгъуэхэм щыхуэхэр нэхъ хуэныкъуэ щыхъуа XVIII лIэщIыгъуэращ. Аузрэ, геологием пыщIа Iэщ Iагъэхэри дунейм къытехьащ.

1966 гъэм Къухьэпl Сыбырым къыщалъуэтащ щыдыгъэрэ гаэрэ куэдыщу здэщыIэ щыIпIэ. Ики, академик Яншин Александр зи пашэ гупым я жэрдэмкIэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым гъатхэпэм и 31-м къыщта Унафэм тету, а илъэс дыдэм мэлыжьыхьым и яп тхьэмахуэр Геологым и махуэу ди къэралым щагъэуващ. Ар ягъэлъапIэ геофизикэм, геохимикэм, геоморфологэм, шахтэ кIуэцIхэм щылажьэхэм, «маркшейдер» цIэ тельыджэр зыфIащу, бгыхэм щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къэхутэным зи Iэщ Iагъэр тезыхууэ инженерхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэм, абыхэм я гъэсакIуэхэм.

ЩэщIэзгъуэнщ

●Урысейм геолог Iэщ Iагъэр къыщыгъуэнэхуныкIи, щым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къэхутэныкIэ къэрал Iуэхущ Iапl э псо къыщыхэзгъэпэщыныкIи ящыщ щыхьэщ щытар пащтыхь Петр Езанэрщ. Ар къыщыхъуар 1700 гъэращ.

●ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, Щы Хъурейм илъэс меларди 4,5-м нэблагъэ и ныбжьщ.

●Колькэ хьIтIыгуныкIуэм щыпхуэгъэхьэныкIа мащэ нэхъ ин дыдэм километр 12,26-рэ и кууагъщ. Абы и лъабжьэм хуабэр градус 220-м щынос.

●Антарктидэм щыIэ Эребус мафIэбгыр бахъэ къихуплIащ. Псыгъэм и жахуэжр щым къызэрытехьэу мэщт, асыхьэту мыл щохъурп, абдеж дыдэм къат-кьатурэ щызэтрещIэ.

●Тыркумэн хэгъэгум и Дарваз кратерым щыхуэхэр «жыхьэнмэм и бжэкIи» йоджэ. 1971 гъэм абдежым геологхэм щыр щагъэувурм бгъэнщIагъ куущэ къыщыщIагъэщащ. Гъуэжлау абрагъуэм кьрихуу щIэзыдза гъуэзыр, щIыхуэм я узынщагъэм дежкIэ зэрану къалъытэри, щым и щхьэфэм къамыгъэсын щхьэкIэ абы мафIэ ирадзащ. Ар мыункIыфIыжауэ иджыри къызэдсым маблэ.

КъУМАХУЭ Аслъэн.

● Гу зылъытапхъэ

Я лэжьыгъэр зэпагъэуркъым

Урысейм щэнхабзэмкIэ и министр Любимовэ Ольгэ театрхэм, музейхэм, концертгъэлъэгъуэпIэхэм иджыблагъэ унафэ яхуищIащ онлайн гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэрагъэпэщыну.

КОРОНАВИРУСЫМ и зэранкIэ цIыху зэхуэсыпIэхэр зэхуащIын хуей хъуащ, ауэ нэгъуэщI Iэмал куэд щыIэщ цIыхухэм ягурилъэIэсыну.

Къэралым и музей, театр цIэрыIуэхэм кIуэну щIэхъуэпсхэм пщIэншэу аxэр зрагъэлъагъуну Iэмал кьыкъуэкIащ. Къэралым и щэнхабзэ Iуэхущ IапIэхэм щагъэлъагъуэхэм нэIуасэ фыхуащIынущ #культурааолайн рубрикэм щIэту.

Апхуэдэ зрагъэлъагъуфынухэм яхэтщ: Эрмитажыр, Венскэ оперэхэр, Театр Иным и балетхэр, Третьяковскэ галереер, Луврыр, Сальвадор Дали и музейр, нэгъуэщI куэди.

«IэмалынщагъэкIэ цIыхухэр унэм щIэубыда хъуами, щэнхабзэ дауэдапщэхэр егъэкIуэкIынымкIэ лъэпощьхьэпо щыIэкъым. Аxэр зэрыт жыпхъэм текIри, онлайн Iэмалым хуэкIуауэ аркъудейщ», - жеIэ Любимовэм.

ИНЭРОКъУЭ Данэ.

Щым и щэхур къэзытIэщIхэр

Коронавирус уз зэрыщIалэм трамытхьхьа щыIэжкъым иужьрей зэманым. Узыр къыззрежьэм, абы и щхьэхуэныгъэхэм, ар цIыхум къызэрыпкърыхьэм теухуа хъыбар куэд щыIэщ. Германием щыIэ Боннэ къалэм дэт къэрал университетым Вирусологиемкlэ и институтым и унафэщI Штреек Хендрик (илъэс 42-рэ) мэлыжьыхьым и 2-м цIыхухэм зэрызаухуигъэзам щыщ зы Iуэхугъуэ фи пащхьэ итлъхьэнщ.

КъАПЩТЭМЭ, Штреекрэ абы и унафэ щIэт гупымрэ Рейн-Вестфалие Ищхьэрэм (Германие) къыщыхьея уз зэрыщIалэм и курыкупсэм хэтщ иджыпсту. Абыхэм кьахутэ коронавирусыр зэрызэрыщIалэ, зы цIыхум кьыпкърыкIыу адрейм зэрыхуэкIуэ щыкIэр.

Вирусологым зэрыжиIэмкIэ, тыкуэнхэм, супермаркетхэм ар къыщыбубыдынкIэ Iэмал иIэкъым. ИрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэльагъуамкIэ, нэхъыбэ дыдэу цIыхухэр щызэрыщIалар футбол джэгуплэхэрщ, нэгузегъэужьыпIэ пшыхьэхэрщ. «Зы цIыхуми супермаркетхэм, лы щапIэхэм, шхапIэхэм къыщихакъым а узыфэр. Iуэхур здэщыIэр цIыхум и гъунэгъуу ущыту абы и зы Iупс-пэпс ткIуэпс къыптеткIуэнырщ».

Штреек апхуэдэуи арэзыкъым къэралуниверситетым щыIэ зыужьыгъэ щIэныгъэлI пажжэм ящыщу Апажэ Мухьэмэдэ. Лексикографым и лэжьыгъэр гугъуагъкIэ Геркулес и лIыхъужьыгъэм зэрыхуагъадэр мыззмытIэу жиIащ Апажэм. АтIэ апхуэдизэ зэфIэкI кьыкIуэкIат щIэныгъэлI щыпкъэ Бэтокъуэ Нияз.

Апхуэдэу, щIэныгъэ Iэзэхуэмрэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэмрэ зэщIаIыгъэу, Бэтокъуэр илъэс 13-кIэ Париж щыпсэуащ. 1984 гъэм ар и анэм дежкIуэжащ, ар зыщIигъури и шыпхър зыщыпсэу Иордание къэралыгъуэм Iэпхъуащ. Амман дэт къэрал университетым ирагъэблагъащ щIэныгъэлI цIэрыIуэр икIи абы франджыбзэр илъэс зыхыблкIэ щригъэджащ, и къэхутэныгъэхэми абы щыпищэу.

Зи Iэзэхуэр хъарзынэу зэтеуа, и Iэнатlэкlи лэжьыгъэм щIэ екъуIэныгъэкIи тэмэму екIуэкI щIэныгъэлIыми псэхуГъуэ игъэтырэткъым. Зэи игу имыкIыу ар щIэхъуэпсыр адэжь щыналъэм къигъэжащ. И гурыщIэр зы махуэм нэхърэ адрей махуэм нэхъ лъэщыж хъурт, пэмыльэщыжу. АбыкIэ Нияз щIэх-щIэхьыуэ ядэгуашэрт и щыпхъумрэ и анэмрэ. Аxэр езыхэри, хамэщI щыпсэу адыгэ мелуанхэми яхуэдэу, зэщIиныгъэрт а гупсысэм, ауэ тегушхуэу Хэкум къэкIуэжыфыртэкъым. ИкIэм-икIэжьым, и анэмрэ си анэкъиныхумрэ кьыдаIыгъыу, Бэтокъуэм мурад ищIащ Къэбэрдейм къэкIуэжыну. Абы ирихьалIэу СССР-р зэхэщэщэкри, къэрал гъунапкъэхэри нэхъ зэIуха хъуат.

1991 гъэм Хэкужьым къигъэзэжащ Нияз. Илъэс 50-кIэ езыр зыщIэхъуэпса, и адэ-анэм, адэшхуэ-анэшхуэм, хамэ къэралхэм щыпсэууэ адыгэу зыкъэзылъытэж апхуэдэ цIыху минхэм я псэ лъащIэм щагъэфIа гурыщIэмрэ гуэлъымрэ зыIэригъэхьат хэкупсэм. Ар Налшык къала уэрамхэм ирикIуэрт, адэжь щыналъэм и лъэр зэрыщытеувэр и фIэщ щымыхъуж дакъикIи къыхэкIыу. «Ар пэж!? Мыр сэра!? СыздэщыIэр Хэкужьыра!?» - къэувыIэурэ езыр зэIупщIыжырт, зэгупсысыжырт хэкупсэ нэсыр. Бэтокъуэм и гум щыхъэмрэ и псэм щыщIэмрэ псалъэкIэ къэIуэтэгъуейт... Ар пэжт. Мыр езырат. ЗдэщыIэри Хэкужьырат.

Псом япэрауэ, Бэтокъуэр яужь ихьащ и благъэ-Iыкъльхэр къэгъуэтыжыным. Абы и адэшхуэ Бэтокъуэи (иужькIэ я унагъуэцIэр абы къытекIыжащ) и адэ Мухьэдини Iэджэр къыхуаIуэтат адыгэ Хэкужь хъыбархэр. КъыхэзгъэщIапхъэщ Бэтокъуэхэ я унагъуэм анэдэлъхубзэм пщIэ хэха иIэу, ар илъу сыт щыгъуи зэрыщытар. Хьэрпыбзэр сабийкъэм къыщащIэри щрипсалъэри щюлырат - унагъуэм щыгъэкIуэр адыгэбзэт. Абы хуэсакъырт нэхъыжьхэр. ФIыр зи гугъапIэ абыхэм щIэблэм жраIэрт я анэдэлъхубзэр хъумэн зэ

(Къэлэдыкъуэр. Пэщэдзэр №№37 - 39-хэм итщ.).

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ Уафэбгыкъу и пэлат

Тхыдэ роман

Къаплъэн-Джэрий иджы Іупщіу зэхихащ бжэ кІыргъ макъ. КъызоплъэкІри, унэутыр къыщІыхьэу щІылъагъум:

- Сыт хьыбар?

- СэрыГаныем ичиндым ирихьэлІэу хьаныр ирегъэблагъэ.

- Нэмэзыр дэсщІын хуейуэ къыщІэкІынщ...

- Сэри апхэдэу къысфІощІ.

- Къыфіощі, къыфіощі! Хэт уэ къыпфІощІ псом щІэупщІар? - хьаным и губжьыр унэІутым трикъутащ. - КІуэи кьехулІэ гулэгъунэр! СулътІаныем зэрыжиІэщ. Ичиндыр уахъты лъапІэщи, блэдгъэкІхьункъым. Сыт уущІыщытыр укъызэплъу? ЖьыпІэн уиІэ?

- НтІэ... Каффэ щаІыгъ тыркудзэм ипщ Муртаз-пэщэм и гулэгъунэр сультІаныем и кузбжэм щысьІэгъуащ.

- Уэ дэнэ щыпщІыхурэ абы и гулэгъунэр?

- Шыгухуэм сеупщІати...

- Ар хъыбарыфІщ... - и щхьэ хужеІэж Къаплъэн-Джэрий, игукІэ нэгъуэщІ зэщыпІэкІэ мапхъэ: «Ауэ... Сэр нэхьапэ сыту пІэрэ ар щІриджар?»

Ичиндыр къэсыным сыхьэт нэблагъэ иІэу, Къаплъэн-Джэрий Іухьащ сультІаныем и пэш-пэІуцІэшхуэм. СультІаныем дежь Іэщэ зыкІэрылъ зэрыщІамыгъэхьэм хьанкІэ щыгъуазэти, къэмэмрэ сэшхуэмрэ щхьэхъуэмэм Іэщ ІилъхьэІри, зыкъыщІэзыІуха бжэблыпкъэм дыхьащ. Хьаным лъэбакъуэ зыбжанэ ичщ, щхьэщэ ищІурэ Ахьмэд сультІаныи и пащхьэ щыІэтеуВыІэри, зэрызигъэщхьакъ хуэдэ дыдэу, и Іуплъэкъэ модрейм къиция Іабзалагъым хуихьащ.

Къаплъэн-Джэрий сультІаным елпІурэ, игукІэ: «ЩІалэщ иджыри... ИльэсищІ-плыкІэ нэхъыжьу пІэрэ, хьэмэрэ дыззныбжь? Муртаз-пэщэр хэпщІыкІыу дэр нэхърэ нэхъыжьщ, ильэс щэ ныкъуэ хьуурэ пІэрэ ар? ЛІы гуащІэщ пэщэр, и теплъэм тепщІыхьмэ, зэузлІщ... И псэ-и щхьэм Іуэхур зэрынэхьэсмэ, къызыкъуихынур сыту пІэрэт?! СультІаныри зэрыНэщхьидзэ... И нэгум гуфІэ хуэаскІэ къыззримыщ... СультІаныгъэр а дыдэрэгъуэм хуэдэу тхьэмкІэ гуэру къыщІэкІынкъым зыи. Къэралыгъэшхуэ зехьэнар, дуаи, мыр зи щІалагъымкІэ тынш щыкІыкъым. ТІъаГынкъэ дяпэкІэ...

Сыту ирехъуи, щыхур къызэрацІыхур и псалъэщ, и ІуэхущІафэщ, и зэфІэкІыщ».

Къаплъэн-Джэрий нобэ и щыпэлъагъут Ахьмэд сультІаныр, итІани и ныбжьымкІэ щыуатэкъым: сультІаныр хьаным нэхърэ иІэситкуКІэ нэхъыжьт.

Мухьэмэд IV сультІаныи и къуэ Ахьмэд III сультІаныр 1673 гъэм кІалъхуат. Иджыпсту ар хэтт илъэс щэщІрэ тхум. И къуэш нэхъыжь Мустэфа II щытредзэм, Ахьмэд илъэс 30 хьурт. Абы пІандэрэ ипсэситхуэ дэкІащ. СультІаныгъэр къыщІэхъуахьам, и япэ махуэхэм щегъэжьауэ, Ахьмэд, адэмэ и чэнджещым темыкІыуэ, Іуэхьэ хьаныгъуэм и Іэхэутхьэбзэхэр къэрал фейдэкІэ кьигъэсбэпырт. Кърымым и Іэщэмкіэ Урысейм и Іэхэухэр езыр зэрыхуейуэ Кавказым щиухэрт. Псом хуэмыдэжу Ахьмэд и нэІэ тетт Шэрджэсым, Къэбэрдеим, Къэжэрым.

МызыгъэгуКІэ, Урысеймрэ Швециемрэ зэрызехьэху, Ахьмэд и ныбжьэгъу гупсэ пащтыхь Карл XII абы и дэщІэгъуэу къэуба - Украинэм и гетман Мазепэрэ - тІури Іэджэм щегъэгуГь, ядэІэпыкъэн зищІуэ.

СультІаныр хуабжьу егъэпІейтей Тыркиер Европэм щІэныгъэкІэ къызэрыкІэрыхуми, зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр къэралым къыщирихьэжьэн папщІэ, Европэм егъэджакІуэ нэхъ Іэзэу исхэр езым зрешалІэ: тыркуэмэ хамэбзэхэр ящІэн хуейщ, хамэ тэрмэшхэр къэрал Іуэху псалъэмакъэм щыгъуазэ мыхъуи папщІэ. СультІаныр щІалэр гъуэзджэхэми дехьэх. Абы, европей пащтыхьхэм заригъэщхьу, зэхуехьэс суРэтыщІ е Іэпэ1эсэ щэджащэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр. Европэ макъамэхэри фІэфІщ СультІаныи. Уардэунэм щызэхьхьэ пшыхьэм макъамэтх щІэрыІуэхэр щІэк-щІэкъуэрэ къьрегъэблагъэ. А псоми зэман къыдегъахуэри, Ахьмэд сультІаныем и хьэрэмыр зыхуэй хуэззу зэрехьэ: дунейм нэхъ бзыльхугъэ дахэу тетыр сультІаныем ейщ; нэхъ ипэ-ипэу щыІэ нэхъ лъапІэхэр я бзыльхугъэхэм яижщи, данэр лъапэкІэ зэрахуэ...

- ФІым фыкьыгтхуиблагъэ, хьэщІэхэ, фыкъэтІыс, - дышэ уагъэкІэ пщІыпщІу хэдыкІа и тахьтэ хужьыпсым йотІысхьэж Ахьмэд сультІаныр. - Алихьышхуэр къызэрытхуэупса эманыр хьэр пыпІу дгъэкІуэнщ. Кіыхь зедгъэщІынкъым псалъэм, ичиндыр къоблэгъащ. КъыджеІэт, хьан, сыт Къэбэрдеим къыщыбгъэхъухэр? Зэрыщыт дыдэм хуэдэу къысхуэІуатэ.

Къаплъэн-Джэрий зэрыкъым хьаныр щыгъупщэри, сультІаныем и пащхьэ щэщІауэ иуващ.

- Алихьышхуэм и лІыкІуэ, уэ сэ нэхърэ нэхъыфІу ущыгъуазэщ къэбэрдей Іуэхуэхэм. Дауи, уощІэ Менлы-Джэрий Къэбэрдеим къыщращІари. Ауэ бжесІэнщ сэ а Іуэхум сызэрепльыр.

- ТІыс, хьан, етІысэх. Дыщысурэ дыпсэнэщ.

- Ещхь дунейм къытемыхьауэ, дзэзешэ щэджащэ Чынгызхэм дришат Кавказ Ищхъэрэм, - и гур кьызэфІэнаУэ Къаплъэн-Джэрий ТІысыжри: - А эманым щегъэжьауэ дэ Кърымым дисщ, нэгъабэ пщІондэ ди Іуэхухэри бзаджэу щымыпат, дуэ...

- ЗыщыГъэгъупщэт, хьан, а «щегъэжьауэ дисщи» жьыхуэпІэ псалъэитІыр. ДыкъзэшІухуахэмкІэ напэкъым ар, - къопсалъэ сультІаныр. - Дызыхуэлажьэ Алихьым къыдитар дищІщ. Тыркум ищІщ. А щІыналъэм иса адыгэжр Алихьым кьрихуери, фэ къыВитащ абыхэм я щІыр. Иджы фыфейщ ар[1].

- НтІэ, Алихьым и лІыкІуэ, нтІэ, - игу псы къыщІызыхуа сультІаным хуэарэзы дыдэу, зыкІэтьеГъэІапІэщІэ хьанми. - ФІыщІэ ленІ пхузощІ си хьэмыгур зэрызэбгъэззэхуэжам папщІэ. Жьыс1эныи япэ кьихуэу, дыгъэр зи теплъэ, хуит сыкъэщІ саугъэтхэр уэстыжьну. Уи тетыгъэри уи гъащІэри кІыхь хъуну сыпхуэхуэпсэ. Дэ, уи лъэпкъэгъу тэтэрэхр, дыпщІыгъу, ми дунейр куэдрэ Алихьым тхущигъэІэ. Уи нэФІ-гулъытэм дыщІэмыкІыкуэрэ зреуэзщІ ди къэралыгъуэми. Сыт щыгъуи узыгъэпэжьынур дэращ, сультІан щхьащэ!

... «Зи пщІэр зи хуэмыхугъэкІэ зыІэщІэзыгъэкІыу ди щІыб зыкъыдэзызгъэщэтэжа Менлы-Джэрий фэ Іувыжьым елъытагъ, мы сэ слъагъум хьэрэ псафэ пхуимэжьщ: - Гупсэ, Ахьмэд сультІаныр, Къаплъэн-Джэрий елпІакІуэрэ, - и къуэшым къыщІыкъуэкІа щІэщхьуми зригъэлъахъэрэкъым, а ди деж зыщыщэгъэщцкІри лэми тхъэми щІэупщІэхъэрэкъым. КъыгурыІуэ къыщІэкІынщ шынэхъщІэм щхьэщыпсЬуКІэ зыри къыщэрмыкІынур. Пщэдей ди щхьэ къриклуэ нур щыдмыщІэкІэ, зэ тщІа унафэми нобэ дытекІ хьунукъым. ЖьІэрэкъ, сультІан тахьтэр мастэпбдзэми, фІыкІэ ябгынэркъым. ФІэсщ а пэбдзым.

Менлы-Джэрий хьан тахьтэми нэсатэкъым; ауэ щыхьэкІи, гугъэ щыщІ Къэбэрдеим лІы хуэдэу къикІыжмэ, абыи хуит хуэхъуну. Иджы мес, дызэрыщыгугъэ тхуэхъуакъыми, къулыкъуи пщІэи имыІэжу щысщ. Щрырес. Ирегупсысэ. Зи лІыгъэ дызэзыГъэпльэну пІэцІеижм мы хьаныи и хьэсапІэ здынэсым деплъынщ. ТІъаГунщ Къэбэрдеим мыбы щигъэшІынур зыхуэдизыр. И къуэшым ещхьу мыри пыІэжьынэ гуэру къыщІэкІмэ, дэри ди Іуэху шыпхэ хъунущ. Карлрэ Мазепэрэ гугъэн-дыгъэн щІэсщІар схуэмыгъэзэрыльхьэмэ, урыс пащтыхьым - Пётр нэтопльжьым - и нэгу щІэлъэшІри и лъэгу щІилъхьэнущ».

- Тхъэм и нэфІыр къыпщхуэ, хьан, - жеІэ Ахьмэд сультІаныем, гупсысэ зэхъэмэзхьищэм къыхэжьжуэ, - сэри гурэ псэкІэ си дзыхь ятелъщ ди къуэш тэтэрэхм. ПщІэ яхузощІ. Ауэ, - сультІаныр тІэкІуэгъэ щымри: - Хьан, уи къуэшыр къэзыуКІа бийхэм щыблэу уатеуэрэ я щхьэхэр пІэщІэлъу къэбгъэзэжмэщ, уи лІыгъэм шэч къыщыдтемыхьэнур. Пэж жьісІэр, Муртаз-пэщэ? Уэ дауэ уеплърэ?

- Пэж дыдэщ, Алихьым и лІыкІуэу ди дыдэм.

- Каффэ щытІыгъэ дзэр минурэ хы мэхъури...

- Дэгъуэщ! Минитхур куэдщ. Каффи дзэнщэ пщІанэ дыдэу къэвмыГанэу... Уэ дапщэ уиІэ, хьан?

- Кърымым мин щэ ныкъуэм щІигъу щыдгъуэтынущ.

- Сыт «щыдгъуэтынущ» жьыхуэпІэр?! - сультІаныем и макъыр зэуэззэпсу зэкІэжІащ. - Иджыри къыздэсым дзэ зэщІэвмыгъэІуІуаУэ ара?

- Дэ, дыгъэр зи теплъэ, жьІэ закъуэ, сыт щыгъуи дыхьэзырыпсщ. Муртаз-пэщэм зи гугъу хуэпщІа минитхур къыдгуэхьжмэ, зэфІэкІащ. Шэч кІытесхьэрэкъым адэкІэ дынэсмэ, ди къуэш нэгъуейхэри гуфІэу зауэлІ минищІкІэ къызэрыткъуэвнэм.

- КІэмыргуеипщІ Бэлэтокъуэ дауэ ухущыт? - и нэ лъэныкъуэр щІиуурыкъуанцІэурэ хьаным трегъапсэ Ахьмэд сультІаныри, унафэ хэлъу: - И цІыхухэр дэ ди дзэм къыхрешэ абыи!

- Апхуэдэр си нэгу къысхуцІэгъэхьэрэкъым, Алихьым и лІыкІуэ, абы дэ дипЭнЬжьэгъэу зищІ щхьэкІэ, езыр къэбэрдейхэм я лІакъэщІ, я къуэшщ... Зы адыгэ лъэпкъщ ахэр псори.

- ЗэрызэхэсхамкІэ, - иджы хэгупсысхьу жеІэ сультІаныем, - абы и малъхъэу щыта Абрэдж Мырзэбэч Кърымри, Шэрджэс Ипщэри, Къэбэрдейри зэпеІу. Мызэ-мытІэу абы здришэжьащ кІэмыргуейхэм ящыщ Батыр ефэндыр. Ахэр уи дэІуэгъуКъэ, хьан? НтІэ... мес, а и малъхъэмрэ, мо Батыр ефэндымрэ тракъузэІуэмэ, Бэлэтокъуэпщэр нэхъ къэскІэнщ. Езы ефэндыми адыгэжэр игъэІущу жаІэ, я гупэр Кърымым къахуригъэзэзэнри, ахэр къэгъэсэбэп... Дауэ уеплърэ?

- НтІэ, нтІэ, Алихьым и лІыкІуэ! Уэ сэ нэхърэ нэхъыфІу ущыгъуазэ Шэрджэсым щызекІуэ Іуэхухэм. Мыдэ... абы дэри щыдиІэщ, кхъуащхьэри хьэкІэри зэпищІэу, зыІ. Шэрджэс Ипщэм щытхуэлажьэ нэгъуейуэ Алихьгъуэт-пэщэрщ зи гугъу сщІыр. Ахэр псори зэхьхьэмэ, Бэлэтокъуэпщэр кьагъэІуэлэнри зыхуэІуа щыІэкъым... Мыдэ зэ секІуэлІэжмэ, къэзгъуэтынщ ахэри, Бэлэтокъуэ езытІыпщІыщ. ЯГъэшынэ-яГъэжЬІытэми, КІэмыргуеипщІыр къыдгухьэн хуэдэу ирыРепсалъэ.

- Ардыдэщ сэри зи гугъу сщІыр, - сультІаныем и Іэгуэр зэтрегъаУэ арэзыуэ. - НтІэ-э-э, зэрыжьпІэмкІэ, уи зауэлІ мин щэ ныкъуэр хьэзырпсщ. Дэгъуэщ! Езы Къэбэрдейр-щэ?.. Дапщэу зыІэра абы къыттырэзынур?

- Къэбэрдейр, Алихьым и лІыкІуэ, езыр ин щхьэкІэ, и кІуэцІ и уэсІэй-зэдауэр нэхъ иныжщ. Зы мин пщыкІытху яхуригъэжьыну къыщІэкІынщ абыхэми.

- Нэгъуейхэм къыщынэмыщІауэ, нэгъуэщІ ди тэтэр лъэпкъэгъу гуэрхэри ису жаІэ а Кавказ ищхъэрэм. Ахэм ятеухуауэ мащІэщ дэ тщІэр. Зи хьыбар нэхъ зэхэтх хабзэр тафэм тес нэгъуейхэрщ. Нэгъуей хьанхэм щэрджэсыпхъэгъэ щхьэгъусэ ящІ. Мыдрей къурш гъуанэм икъуэкъуэ их тэтэр лІэужь щІыкІур зэи зыщІыпІэкІи къыщыхэщауэ зэхэсхакъым. Хэт хъуну ахэр?

- Ахэр, Алихьым и лІыкІуэ, бзэкІи лъыкІи дэ тщыщт... Мусльымэнт. Зыгъэнхэм я хабзэм кьемыізэгъ гуэр яІэщІэщІри, дыгъуаСэ хуэдэщ, заГэпщкІуурэ унагъуэ зыбжанэр адыгэпщэм я къуршым щитПысхьауэ щытар. Щэхуу исщ иджыпсту, Іэмал зэриІэкІэ, адыгэжэм зэражьэхэмыуэн иужь итщ.

- Я бжьгъэкІэ сыт хуэдиз хьууэ пІэрэ? - и нэр щІеуКъуанцІэ аргуэру Ахьмэд-сультІаныем.

- Бжьгъи хъуркъым... Тедзэщ-тедзэщу псэур, щІы зимыІар куэду бэгъуэн? Зэ щхьэкІэ, адыгэпщэм къагъэпьеижьыхуу, исщ. Ноби-пщэдеи... Езыхэри, кьрахуэкІыу есащи, куэшэным хуэІэижьщ. Дызыщымыгугъынщ ахэр, дыгъэр зи теплъэ ...

- Фымыбэлэрыгъ! - сультІаныем и щхьэр лъагэу елэт, - гугъэ нэпцІхэм зыдевмыгъэшэх. Адыгэхэр дэ нэхърэ мынэхьыкІэу шууей зауэлІхэщ. Я нэм уеІэмэ, уи псэр зэ угъуэу хадыну хьэзыру. Мыри, хьан, зыщумыгъэгъупщэ: зыпщ закъуэ акъыл зэгъэзэжуэ ИІву къаухКІ нэужьмэ, зэрыдыгэу зэщІигъэшэсэнущ. Нэгъабэ Менлы-Джэрий къэзыгъэлъеяхэм иджы къызыкъуахьнур зыщІэр ди щхьэщыгу ит Закъэзэрщ. Иджыри зы Іуэху: ари уи лІыгъэ зэхэгъэкІыпІэщ, хьан. Псыхуабэ лъэныкъуэкІэ щыІэ тафэ ІэхэлъаХэр зыбгынэу бгылъэ щІыпІэхэм зизыгуэшахэр кьефхужьи, здэщІыам ефхуІІэж...

Ахьмэд сультІаныем и иужьрей псалъэр зэрызэхихыу, Муртаз-пэщэр «хъущт» жиІэу «Алихьым и лІыкІуэм» епльщ, псынщІэу хьаным хуеплъэкІыжри, и къэптал щІыІу дыщафэжм пэщащэурэ Іэпхъуамбзэжр щызэрирГэжкащ. Зы щыІущхъэ хиубыдыкІыу, хуищІэу иІэнтІа нэужь, и жьыпм бзыхьэжэ узэчэсэйр кьрихри, жьэІуфакІэ псыфышхуэхэр ильэщІуэрэ хьаным триубыдащ и нитІыр: «Зауэщ дыздэкІуэнр, Іулъхьэхэкхьым» - къиІуатэрт и Іупльэгъуэм.

Дззэешэм и нэ зэхэзеплъэкІэм гу лъыэьта сультІаными:

- Зыгуэр жьпІэнут, пэщэ?

- Адыгэхэм ятеухуауэ, дыгъэр зи теплъэ, псори икІи жьІтІэри, икІи зэхэтхащ. СыщІэупщІэнут, хуит сыкъэпщІмэ, зы Іуэху...

- НтІэ. Адыгэхэм ятеухуауэ дыпсэльаКІэщ, - погуфІыкІ сультІаныр, гушыІэнэпщІу къыщІегъуж: - Ди жьІэм унафэ тумыщІыхьыжьнумэ, дынодаІуэ. Псалъэ, пэщэ.

- Тыркум и сультІану нурыр зыщхьэщытым и псалъэ тепсэльыхьыжьыр сэ схуэдэ? Абы нэсу щытмэ, адыгэ лъэпкъыр зэрыщыту щІыр пэкІэ ятхуэурэ уи пащхьэ нэхум къыщыІэзэхэтхуесыни! ЖьІэ закъуэ, дыгъэр зи теплъэ! Ауэ ди зауэлІхэм деж нэхъ-хьесын хуейщ уи унафэр. Дауэ яжеІтІэмэ нэхъыфІ: дыздежьэр зэуакІуэ хьэмрэ фыщакІуэ?

- Адыгэ ІэубыдыпІэншэхэм, лъэщыр хэтми ящІэн папщІэ, жьыхьэмэзм и мафІэр ящІэвгъэстыну фокІуэ. Ящыгъупщауэ ара есыу хуит пащтыхь Пётр дыдэм зэрызедгъэщІэжар! Ди иужьрей зауэр иджыри игу ильщ абы... Си Іуэхущ ар, зэржджэс адыгэхэр щыгъэтауэ, Кавказым и зы лІакъуи дяпэкІэ къыщыхьэщыжмэ?! - хикъуэщІ Ахьмэд сультІаныем, и натІэм и къыщІэпльрэ:

- Къывгурыуамэ, аращ. Ди мурадхэр Алихьым къыдигъэхъулІэ! Муртаз-пэщэ, нобэрей ІуэхуэкІэ уи щхьэ ухуитщ. Пщэдей, шэджагъуэ нэужьм сиІэпоплпъ. Каффэ теуХуа Іуэхуэмкіэ дыззпсэлъэн хуейщ. Иджыпсту хьаныи сэрэ дгъэззэжьынщ Кърым Іуэхуэкмкіэ...

Ахьмэд сультІаныем и щхьэ илъыр Кърымыртэхьым. Муртаз-пэщэр зэрыщІэкІыжу, сультІаныр хьилэ хэлъу пыдыхьэзыщыкІри:

- НакІуэ, хьан, ичиндыр тщІынщ. АдэкІэ си хьэрэмыр къыхуохэзэщри... дэтхэнэ зыІри, псом япэрауэ, цІыхухъущ. Бзыльхугъэ дахэхэм дауэ уахущыт, хьан? Жэнэт абгуэу ухуей? Си хьэрэмым щІэощ тхъэІуХудхэр: алыдж, адыгэу, урысу, этІэгъэу, тырку... уэри къэбэрдей тхьэІухуд гуэр уи унэ иц жаІэри? Пэж? Сэращи, щхьэгъусэ етІуанэу къэсшар адыгущ. Абы езым жиІэр пэжмэ, щыщэр лъэщрэ здэщыІэм, адыгэ бзыльхугъэхэр щыгуащэщ. Уахэдэнщи, игу ирихьыр - ууейщ, хьан!

- «Иджыри къэс къысхуепсэлъэхьу фІэкІа сыкъэшымыдзам нэгъуэщІ гуэру зыкъысхуэзкъуехри, - къэуІэбжьауэ егъэщІагъуэ хьаным. - Сыту пІэрэ? Сигъэунэхуу арагъэнщ. И нэфІ фэрыщІыр сэри жьІэзыфІэщ сощІ. Ягъэ кІынкъым, сымыбэлэрыгъэмэ... Хэт и гугъэнт сультІаныр апхуэдэу дихьэхшыфу?! Сыт хуэдэ уасэу пІэрэ мы зэуэзэпсэу къыщыхуа и нэфІым адэкІэ схупигъэкІуэнур?»

- ЖьпІэр унафэщ, ди дыгъэ, - мэгуфІэ КІаплъэн-Джэрий, - бзыльхугъи си плъапІэщ, дахагъи си щІасэщ!

- Сыт, хьан, хьэрэм зэи ущІэмыхьауэ ара?

- Хьэуэ, Іэгъу! НэгъуэщІщ зи гугъу сщІыр - уи дзыхьыр гуапэ сщоХьурэ...

- Ы-ы-ы, ара жьыхуэпІэр? - сультІаныр мэдыхьэшхри: - НыжьхтІрэ пэт, бжьыр зэззэмызэ тракъртэкъэ?

- ПэжкІэ ари! Сэ схуэздэт уэ зозыГаПщэр? Мыдэ, къызэпха хьэщІагъэ екІуи сыдикьэхри, сщІыгъупщэ пэтащ уи щхьэгъусэм хуэтщІа ди саугъэтыр, - хьаныи и бгъэ жыпым кьрех налмэх кьабзэу зэщІэщыпщІыр тхьэгъуІэнщхьэу Іэпльыр зэжЬрыщІар. - Мыр хьангущащэм и тыГэщ.

- ФІыщІэ тхухуэщІ уи хьангущащэм. А налмэхэхэр зыхурагъэхьа адыгэ бзыльхугъэм ищІэщыгъэжжкъым апхуэдэ саугъэтхэр. Махуэ къэс налкъутхэр къраКІутхэнурэ щагъэжЬпащ. Мы тыГэр уэрэ сэрэ ди зэхуэдэ щэхуу щрырет. Мо дыздэкІуэм щыІэ сфІощІ ар зыхуэбгъэфэщэн гуэр, и-и-и? - сультІаныр иджы ІурыуфІыщІыкІыуэ мэдыхьэшх.

Ичинды нэужьым уэрамри уардэунэри зэуэ зэщІэункІыфІат. УнэІутхэм, зэблэжу, жьэгуэм мафІэ ирагІэщ, щэху ІуэнтІагъэшхуэхэр уэздыгъэ лъакъуэхэм трагъэувэжри, уардэунэр хуабэрэ нэхукІэ зэщІэпсат. ЩІыбыр щІыІэт. Уафэри КІагъэпшагъэт. ЩІымахуэ пшыхь щІыІэр Истамбыл Іуву щхьэщытыт.

СультІаныимрэ хьанымрэ КІуэцІрыкІыбжэ защІэкІэ зэпрыкІащ къэрэмым и пэш пхыдзахэм. «СультІаныим и лэгъунэшхуэу, езым и Іызыныншэу, псэ зыІут щІыхьэпу зыхуимытым дыкІуэу аращ... ЦІыхуитІым нэгъуэщЬ-зэхэзекІуэ ящІ хуэдэ, - гупсысэр хьаныр, - сыту пІэрэ апхуэдэу сигъэгъэщІэгъэну щІыхэтыр? Бзыльхугъэ дахэ гупым и щхьэзакъуэу яхэсын иужьгъуэмрэ арагъэнщ? СыщыщІыхуэкІэ, сэри цІыхуэхъэщхьэфащэу сыщІытынщ...»

УкъитГэуІэбжьу щымт хьэрэмыр. Псоми зэдайуэ кІуэцІыбжэ пэшышхэр дыщэрэ дыжьыну зэлъыІухат. ЛЬаралыгъуэми. Сыт щыгъуи узыгъэпэжынур дэращ, сультІан щхьащэ!

... «Зи пщІэр зи хуэмыхугъэкІэ зыІэщІэзыгъэкІыу ди щІыб зыкъыдэзызгъэщэтэжа Менлы-Джэрий фэ Іувыжьым елъытагъ, мы сэ слъагъум хьэрэ псафэ пхуимэжьщ: - Гупсэ, Ахьмэд сультІаныр, Къаплъэн-Джэрий елпІакІуэрэ, - и къуэшым къыщІыкъуэкІа щІэщхьуми зригъэлъахъэрэкъым, а ди деж зыщыщэгъэщцкІри лэми тхъэми щІэупщІэхъэрэкъым. Къыгурыуа къыщІэкІынщ шынэхъщІэм щхьэщыпльуКІэ зыри къыщэрмыкІынур. Пщэдей ди щхьэ къриклуэнур щыдмыщІэкІэ, зэ тщІа унафэми нобэ дытекІ хьунукъым. ЖьІэрэкъ, сультІан тахьтэр мастэпбдзэми, фІыкІэ ябгынэркъым. ФІэсщ а пэбдзым.

Менлы-Джэрий хьан тахьтэми нэсатэкъым; ауэ щыхьэкІи, гугъэ щыщІ Къэбэрдеим лІы хуэдэу къикІыжмэ, абыи хуит хуэхъуну. Иджы мес, дызэрыщыгугъэ тхуэхъуакъыми, къулыкъуи пщІэи имыІэжу щысщ. Щрырес. Ирегупсысэ. Зи лІыгъэ дызэзыГъэпльэну пІэцІеижм мы хьаныи и хьэсапІэ здынэсым деплъынщ. ТІъаГунщ Къэбэрдеим мыбы щигъэшІынур зыхуэдизыр. И къуэшым ещхьу мыри пыІэжьынэ гуэру къыщІэкІмэ, дэри ди Іуэху шыпхэ хъунущ. Карлрэ Мазепэрэ гугъэн-дыгъэн щІэсщІар схуэмыгъэзэрыльхьэмэ, урыс пащтыхьым - Пётр нэтопльжьым - и нэгу щІэлъэшІри и лъэгу щІилъхьэнущ».

- Тхъэм и нэфІыр къыпщхуэ, хьан, - жеІэ Ахьмэд сультІаныем, гупсысэ зэхъэмэзхьищэм къыхэжьжуэ, - сэри гурэ псэкІэ си дзыхь ятелъщ ди къуэш тэтэрэхм. ПщІэ яхузощІ. Ауэ, - сультІаныр тІэкІуэгъэ щымри: - Хьан, уи къуэшыр къэзыуКІа бийхэм щыблэу уатеуэрэ я щхьэхэр пІэщІэлъу къэбгъэзэжмэщ, уи лІыгъэм шэч къыщыдтемыхьэнур. Пэж жьісІэр, Муртаз-пэщэ? Уэ дауэ уеплърэ?

- Пэж дыдэщ, Алихьым и лІыкІуэу ди дыдэм.

- Каффэ щытІыгъэ дзэр минурэ хы мэхъури...

- Дэгъуэщ! Минитхур куэдщ. Каффи дзэнщэ пщІанэ дыдэу къэвмыГанэу... Уэ дапщэ уиІэ, хьан?

- Кърымым мин щэ ныкъуэм щІигъу щыдгъуэтынущ.

- Сыт «щыдгъуэтынущ» жьыхуэпІэр?! - сультІаныем и макъыр зэуэззэпсу зэкІэжІащ. - Иджыри къыздэсым дзэ зэщІэвмыгъэІуІуаУэ ара?

- Дэ, дыгъэр зи теплъэ, жьІэ закъуэ, сыт щыгъуи дыхьэзырыпсщ. Муртаз-пэщэм зи гугъу хуэпщІа минитхур къыдгуэхьжмэ, зэфІэкІащ. Шэч кІытесхьэрэкъым адэкІэ дынэсмэ, ди къуэш нэгъуейхэри гуфІэу зауэлІ минищІкІэ къызэрыткъуэвнэм.

- КІэмыргуеипщІ Бэлэтокъуэ дауэ ухущыт? - и нэ лъэныкъуэр щІиуурыкъуанцІэурэ хьаным трегъапсэ Ахьмэд сультІаныри, унафэ хэлъу: - И цІыхухэр дэ ди дзэм къыхрешэ абыи!

- Апхуэдэр си нэгу къысхуцІэгъэхьэрэкъым, Алихьым и лІыкІуэ, абы дэ дипЭнЬжьэгъэу зищІ щхьэкІэ, езыр къэбэрдейхэм я лІакъэщІ, я къуэшщ... Зы адыгэ лъэпкъщ ахэр псори.

- ЗэрызэхэсхамкІэ, - иджы хэгупсысхьу жеІэ сультІаныем, - абы и малъхъэу щыта Абрэдж Мырзэбэч Кърымри, Шэрджэс Ипщэри, Къэбэрдейри зэпеІу. Мызэ-мытІэу абы здришэжьащ кІэмыргуейхэм ящыщ Батыр ефэндыр. Ахэр уи дэІуэгъуКъэ, хьан? НтІэ... мес, а и малъхъэмрэ, мо Батыр ефэндымрэ тракъузэІуэмэ, Бэлэтокъуэпщэр нэхъ къэскІэнщ. Езы ефэндыми адыгэжэр игъэІущу жаІэ, я гупэр Кърымым къахуригъэзэзэнри, ахэр къэгъэсэбэп... Дауэ уеплърэ?

- НтІэ, нтІэ, Алихьым и лІыкІуэ! Уэ сэ нэхърэ нэхъыфІу ущыгъуазэ Шэрджэсым щызекІуэ Іуэхухэм. Мыдэ... абы дэри щыдиІэщ, кхъуащхьэри хьэкІэри зэпищІэу, зыІ. Шэрджэс Ипщэм щытхуэлажьэ нэгъуейуэ Алихьгъуэт-пэщэрщ зи гугъу сщІыр. Ахэр псори зэхьхьэмэ, Бэлэтокъуэпщэр кьагъэІуэлэнри зыхуэІуа щыІэкъым... Мыдэ зэ секІуэлІэжмэ, къэзгъуэтынщ ахэри, Бэлэтокъуэ езытІыпщІыщ. ЯГъэшынэ-яГъэжЬІытэми, КІэмыргуеипщІыр къыдгухьэн хуэдэу ирыРепсалъэ.

- Ардыдэщ сэри зи гугъу сщІыр, - сультІаныем и Іэгуэр зэтрегъаУэ арэзыуэ. - НтІэ-э-э, зэрыжьпІэмкІэ, уи зауэлІ мин щэ ныкъуэр хьэзырпсщ. Дэгъуэщ! Езы Къэбэрдейр-щэ?.. Дапщэу зыІэра абы къыттырэзынур?

- Къэбэрдейр, Алихьым и лІыкІуэ, езыр ин щхьэкІэ, и кІуэцІ и уэсІэй-зэдауэр нэхъ иныжщ. Зы мин пщыкІытху яхуригъэжьыну къыщІэкІынщ абыхэми.

- Нэгъуейхэм къыщынэмыщІауэ, нэгъуэщІ ди тэтэр лъэпкъэгъу гуэрхэри ису жаІэ а Кавказ ищхъэрэм. Ахэм ятеухуауэ мащІэщ дэ тщІэр. Зи хьыбар нэхъ зэхэтх хабзэр тафэм тес нэгъуейхэрщ. Нэгъуей хьанхэм щэрджэсыпхъэгъэ щхьэгъусэ ящІ. Мыдрей къурш гъуанэм икъуэкъуэ их тэтэр лІэужь щІыкІур зэи зыщІыпІэкІи къыщыхэщауэ зэхэсхакъым. Хэт хъуну ахэр?

- Ахэр, Алихьым и лІыкІуэ, бзэкІи лъыкІи дэ тщыщт... Мусльымэнт. Зыгъэнхэм я хабзэм кьемыізэгъ гуэр яІэщІэщІри, дыгъуаСэ хуэдэщ, заГэпщкІуурэ унагъуэ зыбжанэр адыгэпщэм я къуршым щитПысхьауэ щытар. Щэхуу исщ иджыпсту, Іэмал зэриІэкІэ, адыгэжэм зэражьэхэмыуэн иужь итщ.

- Я бжьгъэкІэ сыт хуэдиз хьууэ пІэрэ? - и нэр щІеуКъуанцІэ аргуэру Ахьмэд-сультІаныем.

- Бжьгъи хъуркъым... Тедзэщ-тедзэщу псэур, щІы зимыІар куэду бэгъуэн? Зэ щхьэкІэ, адыгэпщэм къагъэпьеижьыхуу, исщ. Ноби-пщэдеи... Езыхэри, кьрахуэкІыу есащи, куэшэным хуэІэижьщ. Дызыщымыгугъынщ ахэр, дыгъэр зи теплъэ ...

- Фымыбэлэрыгъ! - сультІаныем и щхьэр лъагэу елэт, - гугъэ нэпцІхэм зыдевмыгъэшэх. Адыгэхэр дэ нэхърэ мынэхьыкІэу шууей зауэлІхэщ. Я нэм уеІэмэ, уи псэр зэ угъуэу хадыну хьэзыру. Мыри, хьан, зыщумыгъэгъупщэ: зыпщ закъуэ акъыл зэгъэзэжуэ ИІву къаухКІ нэужьмэ, зэрыдыгэу зэщІигъэшэсэнущ. Нэгъабэ Менлы-Джэрий къэзыгъэлъеяхэм иджы къызыкъуахьнур зыщІэр ди щхьэщыгу ит Закъэзэрщ. Иджыри зы Іуэху: ари уи лІыгъэ зэхэгъэкІыпІэщ, хьан. Псыхуабэ лъэныкъуэкІэ щыІэ тафэ ІэхэлъаХэр зыбгынэу бгылъэ щІыпІэхэм зизыгуэшахэр кьефхужьи, здэщІыам ефхуІІэж...

Ахьмэд сультІаныем и иужьрей псалъэр зэрызэхихыу, Муртаз-пэщэр «хъущт» жиІэу «Алихьым и лІыкІуэм» епльщ, псынщІэу хьаным хуеплъэкІыжри, и къэптал щІыІу дыщафэжм пэщащэурэ Іэпхъуамбзэжр щызэрирГэжкащ. Зы щыІущхъэ хиубыдыкІыу, хуищІэу иІэнтІа нэужь, и жьыпм бзыхьэжэ узэчэсэйр кьрихри, жьэІуфакІэ псыфышхуэхэр ильэщІуэрэ хьаным триубыдащ и нитІыр: «Зауэщ дыздэкІуэнр, Іулъхьэхэкхьым» - къиІуатэрт и Іупльэгъу

«Жэбэчий щыщ уэрэдбзу»

● Юбилей

РСФСР-м, Адыгэ Республикэм щыхь зиІэ я артисткэ Щауэжь Розэ къыхэзыльхьэ илъэс 90 ирикъуащ мэлыжьыхьым и 2-м. Адыгэ Республикэм и мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми ар къэзымыцІыху, и уэрэдхэр зэхэзымыха ису къыщІэкІынкъым.

ЩАУЭЖЬЫР 1946 гъэм щІотІысхьэ Мейкъуапэ егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыру дзт училищэм. Абы макъамэмкІэ щрагъэджащ Рублевэ П., Полянский А. сымэ.

Щауэжьым макъ дахэ зэрилэм гу лъитауэ щытащ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэр къалъыхьуэу Мейкъуапэ къэкІуауэ щыта, Римский-Корсаков Н. и цІэр зэриихьэу Ленинград дзт консерваторием къыкІа комиссэм хэта, профессор Чарушников В. Адыгэ къуажэ цІыкІум къыщыхъуа хъыджэбзым и зэфІэкІыр абы щыгъуэ наІуэ къэхъуауэ щытащ.

1953 гъэм Розэ щІотІысхьэ а консерваторием. Сценэмрэ вокалымрэ я щэхухэр къэзыхута, 1959 гъэм ехъулІэныгъэкІэ а еджапІэр къэзыуха Щауэжьыр Краснодар дэт филармонием, иужькІэ Адыгэ Республикэм и концерт эстрадэ бюром я уэрэджьыкІакІуэу щытащ. Ар зэрылэжьа зэманым къэрал псор къызэхикІухьащ, хамэ къэрал куэдым щыІащ. Абы и репертуарым сыт щыгъуи хэтащ адыгэ лъэпкъ уэрэдыжьхэмрэ урыс, хамэ лъэпкъ классикэмрэ.

Щауэжьыр хэтащ «Мейкъуапэ», «Лагъэ-Накъэ», «Орида» ансамблхэм. Ауэ, дэнэ щымылэжьами, и макъ гуакІуэм едаІуэхэр дихьэхьу, и лэжьыгъэм и псэр етауэ щытащ.

Щауэжь Розэ

Розэ композитор цІэрыІуэхэу Тхьэбысым Умар, Тыкъуэ Къаплъэн сымэ ядэлэжьащ. Тхьэбысымым итха «Уи нитІыр», «Си нанэ», «Сосрыкъуэ» уэрэдхэр дахэу игъэзащІэу щытащ.

Композитор Натхъуэ Жанхъуэт Щауэжьым уэрэд куэд уитхащ. Абыхэм ящыщщ «Яраби», «Адыгэ джэгу», «Нысэм и уэрэд» жыхуиІэхэр, нэгъуэщІхэри.

Москва дэт «Мелодия» фирмэм Розэ и пластинкэ зыбжанэ къыщыдагъэкІащ. АбыкІэ сэбэп къыхэзыхьащ РСФСР-м и щыхь зиІэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артист ЛІыщІэрыІуэ Ким.

«Жэбэчий щыщ ди уэрэдбзу» - араща Щауэжь Розэ и къуажэгъухэр, къэзыцІыхухэр нобэми къызэреджэр. Илъэс 40-м нэблагъэкІэ и макъ дахэмкІэ утыкур зыгъэбжьыфІа Щауэжьым дежкІэ къыхуагъэфэща псоми нэхъри а цІэр нэхъ лъапІэщ.

УЭРКЪ Жыраслъэн.

● Абы дегъэпІейтей

Олимпиадэм хэтыну Махуэм Іэмал къыхукъуэкІыжа?

Адыгэми къэралми я пщІэр лъагэу зыІэт, адэкІи бэкІэ дызыщыгугъ Махуэ Билал теухуауэ мазитІ ипэкІэ Урысейм и хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм зэІэпаха щІэщхьу бзаджэр спортым дихьх дзтхэнэми и гум щІыхьащ. «Щэнейрэ дунейпсо чемпион бэнакІуэ цІэрыІуэр допинг зрихьлІауэ хуагъэфащэ» - апхуэдэ псалъащхьэм щІэту, зыр адрейм щхьэпрыкІыжьну ящу ити дызыпэмыплъа Іуэхугъуэр ирахьэжьащ. Псом хуэмыдуэ ар зыхащІащ щыІпІэ куэдым щызэбгырыдза ди лъэпкъэгъуэм. Абы лъандэрэ зэман хъарзынэ дэжащ икІи куэдым зихъуэжащ. Дуней псор зыгъэгулэз коронавирусым и зэранкІэ Іуэхугъуэ куэд къызэтрагъэувыЩащ е ягъэІэпхъуащ. Къапщтэмэ, зы илъэскІэ нэхъ кІасэу, 2021 гъэм, зэхэтыну унафэ ящІащ Махуэ Билал щытекІуэну игъащІэ лъандэрэ зыщІэхъуэпс Гъэмахуэ Олимпиадэр. Хэт ищІэн, апщІондэхукІэ ди бэнакІуэ цІэрыІуэр хей ящІыжьынкІэ е, тезыр гуэр тралъхьэмэ, ипшынижьыну хунэсынкІэ хъунщ.

МЫ ГЪЭМ щІышылэм (январым) и кІэуэным Италием щекІуэкІа Пелликоне Маттео и фэеплъ зэхьэзэхуэращ псори къыщежьар. Куэд щІауэ зэпеуэхэм хэмыта Махуэ Билал абы ирагъэблэгъащ.

Зэман кІыхькІэ зигъэхьуэжарэ, утыку къызэрихьэжрэ куэд мыщІа адыгэ пелуаныр зрагъэлъагъуну, абы и Іэзэгъыкъэ дзрэжьагъуэ зрагъэгъуэтыну зэхьэзэхуэр щекІуэкІ Рим и бэнакІуэ пэш нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым щІыху минхэр къыщызэхуэсат. Ди лъахэгъум ахэр игъэщІэхъуакъым.

Нэхъ хьэлъэ дыдэхэм, килограмми 125-м нэсхэм, я зэпеуэм Махуэр гугъуу хьхьащ. Нэрылъагъут ар куэд щІауэ зэхьэзэхуэ инхэм зэрыхэмытар икІи я гуащІагъым мащІэу зэрыщыжьар. Аращ къызыхэкІар Венгрием щыщ Лигетти Даниэл хуабжьу гугъу зэрыдехьар. Билал абы зэрефІэкІыбфар зы балл закъуэщ - 4:3.

КъызэщІэплъа адыгэ щІалэр адэкІэ ВЕ губжьам хуэдэт. Канадэм кІыкІа Джеси Амарвир ар 8:0-у текІуащ. Финал ныкъым къыщыпэщІэуэва Венесуэлэм щыщ Урбанейн Луиси зыщыгугъыщІэнтэкъым. Билал ари 10:0-у хигъэщІащ.

Уэлплъэ хъунут текІуэныгъэм и Іэфіагъыр зыхэзыщІэу щІэзыдзэжа Махуэм адэкІи кІыпэлъэщым щымыІэу. АрщхьэкІэ ди пелуаныр иджыри мыхьэзырыщІэу къыщІэкІащ икІи Ираным къикІа Заре Амир и ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэм кІапикІуэтащ - 3:5.

Финалым къыщыхагъэщІа пэтми, Махуэм зэрэзиужьыжьыр нэрылъагъут икІи куэдкІэ щыгугът. Абы и щыхьэтщ бэнакІэ хуитымкІэ къыхэкам и тренер нэхъыщхьэ Тедеев Дзамболэт тхьэмахуэ ипкІэ жиІар:

- Ґьатхэпэм и 19 - 22-хэм Будапешт (Венгрие) щекІуэкІыну олимп лиценззэхэм щІризэныкъуэкъуну зэхьэзэхуэм Махуэ Билал худогъэхьэзыр. Пэжщ, иджыблагъэ Италием щыІа зэпеуэм наІуэ ищІащ иджыри ар зэрымыхьэзыр дыдэр, ауэ хъарзынэу зыкъыщигъэлъэгъуащ икІи саугъэтыншэу кІигъэззэкакъым. Хуэм-хуэмурэ абы и кІарур зэрогъэутыжь икІи Урысейм и чемпионатымрэ Олимп Джэгухэмрэ ирихьэлІэу и лъэщагъ пэсри зэфІэувэжынущ.

- ТхьэмахуитІ дэкІмэ зэхэтыну Европэм и чемпионатым кІуэнухэм Махуэр яхэтыну? - жаІэу щеупщІым, дыщІигъуащ.

- ХэтынкІэрэ хъунущ. Псори наІуэ щыхьэнур гупыр зэхуэтшэсрэ, дахэплъэжа иужькІэщ.

А псалъэмакъым къигъэлъагъуэрт Махуэ Билал зэхьэзэхуэ инхэр къызэрыпэплъэр. АрщхьэкІэ, мазаем и 3-м къэхъуар акъылым кьитІасэркъым: Урысейм Спорт бэнэкІэмкІэ и федерацэм и тхьэмадэ Мамиашвили Михаил хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм яжриІащ Олимп Джэгухэм я вице-чемпион, дуней псом щІэнейрэ щытекІуа Махуэ Билал и лъым хуит ямыщІа хущхъуэхэр хэту Италием щыІа зэпеуэм иужькІэ ирагъэщІа допингкъэпщытэныгъэм къыхэзрихьэлъэгъуну.

- Документхэр официальныгъэ къысІэрагъэхьа иужькІэ, сэ Махуэ Билал сепсэльащ, - къыхигъэщащ Мамиашвили. - Абы ткІийуэ тригъэчыныхьыркъым хуит ямыщІа, къарум хэзыгъэхъуэ хущхъуэхэр и лъым хэмыту, ауэ ар къызыхэкІагъэну хуигъэфащэр, дохутырхэм хуатхауэ, и щхьэгъуэсэм апхуэдэхэр зэрызрихьэлІэращ. Сэ сызэреплъращи: си пащхьэм документхэр иІащ, адрей псори тхьэмыщІэхэм ехьэлІа псалъэмакъыу аращ. Билал дыдэІэпыкъуну зыкъытхуигъэзакъым, апхуэдэу ищІэмэ, дегупсысынщ.

Европэм, дуней псом, Олимп Джэгухэм, нэгъуэщІ зэхьэзэхуэ инхэм илъэс пщыкІутхум щыгугъуэу къэралым и щыхьыр щызыІэт бэнакІуэ цІэрыІуэм Урысейм Спорт бэнэкІэмкІэ и федерацэр къызэрыхуащІэкІыжар араща. ГущыІэхэщ. Іуэхур ирахьэжьа къудейщ, пэжри пцІыри нэсу зэхагъэкІакъым. Абы щыгъуэми къыщыхъэщыжьну зи кІалэнхэм я щІыб къагъаззу щІадзащ. Мамиашвили, уеблэмэ жиІащ Махуэ Билал куэд щІауэ зэрымыбэнэжьри икІи къэралым и гуп къыхэхам зэрыхэмытыжьри, зыщигъэсари, зыщигъэхъужари Германие-раУэ.

- Махуэ Билал допингым зэребэн хабзэхэр къызэІуидаУэ къыщІэкІынкІэ зэрыхъунум теухуауэ Федерацэм и тхьэмадэ Мамиашвили Михаил жиІаХэр и лъабжьэу Урысейм допингым щыпэщІэт агентствэм Іуэху къызэІуех, - щигъэгъуэзащ журналистхэр а ІэнатІэм и унафэщІым и къуэдзэ Пахноцкая Маргаритэ. - Абы къикІынур зэкІэ гурыІуэгъуэкъым, ауэ бэнакІуэм Іэмал иІэщ тхьэмахуитІым къырибудэу ар къызэрыхъуам и щхьэусыгъуэр къыдгуригъэІуэну.

Дапхуэдэу мы мыхъумыщІагъэр иухми, абы фІы кІыкІынукъым. Пэжщ, фІэщ щІыгъуейщ Махуэ Билал и иджыри хъэс иІа ехъулІэныгъэхэм шэч къытрахьэжу и медалхэм ящыщ гуэр Іахьыкьну: ар допингкъэпщытэныгъэ куэдым илъэс зыбжанэ хъуауэ пхырокІ икІи зэи гурыщхьэу гуэр зыми щыІэкъым. Италием щыщІа зэпеуэ къызэрыгуэкІми, и кІарур хэзыгъахъуэ хущхъуэ къыщигъэсэбэпыну тегушхуэу жыпІэнри къемызэгъщ - ар дунейпсо зэхьэзэхуэкъым е Олимпиадэкъым, апхуэдизэу мылгъурыджэм уритехьэну.

Махуэ Билал и закъуэу утыку къызэрырамынэнур гурыІуэгъуэщ. Абы и щыбагъ къыдэтщ къызызэкІа адыгэ лъэпкъыр, зи щыхьыр ихъумэ Дагъыстэкъым, нэгъуэщІ куэди. Гуапэ къытщыхъуащ Мэзкуу щыІэ «Бишенов и Партнеры» адвокат зэгурыкІонымрэ и унафащІ Бышэн Алим Инстаграмым къыпхьэхъыбарыр: «Нобэ урысей хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэр къызэщІиІэтащ Махуэ Билал теухуа Іуэхум. Спорт бэнэкІэмкІэ федерацэм псалъэмакъышхуэ къыщыхъеящ. Сэ сызэреплъымкІэ, сыт хуэдэ хущхъуэ икІи дапхуэдизу Махуэм къигъэсэбэпами зэкІэ жыпІэну пасэщ. Дэ иджыпсту зыщыдогъэгъуазэ абы и допингкъэпщытэныгъэм кърикІуахэм. КъищынэмыщІауэ, гурыІуэгъуэкъым Урысейм Спорт бэнэкІэмкІэ и федерацэм занщІэу и щІыб къыщигъэзам и щхьэусыгъуэр, Іуэхур зэрэгъэкІын щІадза къудейуэ араш. Сэ Іэмал псори къэзгъэсэбэпынущ си ныбжьэгъу, спортсмен цІэрыІуэм и пщІэр схъумэу сыкъыщхьэщыжьын, ар зэрыхейр наІуэ сщІын папщІэ».

Къэралми, Европэми, ЩІы хъуреймиз мызэ-мытІэу щытекІуа Махуэ Билал иужь иІэсхэм и хъуэпсапІэ нэхъыщхьэр Олимп Джэгухэм я дыщэ медалрат. АрщхьэкІэ Тхьэшхуэм ихуауэ къыщІэкІынукъым ар абы тыншу къехъулІэну. Абы и нэщэнэщ олимпиадэхэм къыщыпэув лъэпощхьэпо зэмылІэужьыгъуэхэр.

Сыт пщІэн, Алыхьым жыхуиІам уфІэкІынукъым. Махуэ Билал и насып хэмыпхынкІи хъунущ Олимп Джэгухэм щытекІуэну. ЩІэпщІыкІэ щхъуэх кърахьэлІэри, 2008 гъэм абыхэм ягъэкІуакъым. КъыкІэлъыкІуэм дыжьыным фІэкІа къыщыпхъысакъым. Рио-де-Жанейрэ къыщыхъуари псоми ди нэгу щІэкІащ. АрщхьэкІэ абдежым гъащІэр щиухыркъым. Дыщыгугъынщ пэжыр зэфІэувэжу Махуэ Билал Токио щыІэну Олимпиадэм етІанэгъэ хэтыну икІи спортым щиІэ и хъуэпсапІэ нэхъыщхьэр кьехъулІэну.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Дуней псом щэнейрэ и чемпион Махуэ Билал щытыкІэ гугъум ихуащ.

Планетэм зэрызихъуэжыр уэгум щынэрылъагъущ

Махуэ къэс зыкъыддэзыужьу икІи къыддэгъэгурыкІуэу къэтлъытэ гъащІэм зэхъуэкІыныгъэ дызыпэмыплъахэр COVID-19 коронавирусым и пандемием къызэрыщигъэхъур къалъэтэри, Европей космос (хьэрш) агентствэм (ЕКА) и щІэныгъэлІхэм жэрдэмыщІэ зыбжанэ къыхалъхьащ.

АБы къыхэкІыуи, щІэныгъэ-къэхутакІуэ центрхэмрэ техникэ къэпщытэныгъэ езыгъэкІуэкІ Іуэхугъащ Іэхэмрэ щылажьэ Іэщ Іагъэлъ Іэм щхьэж ешм игъэзащІэу щыта и кьалэнхэм иджыри къахэхъуащ. Ахэр яхуэгъэзащ дыщыпсэу жылагъуэм, экономикэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм я зэхэтыкІэ-щытыкІэр зыхуэкІуэр къэпщытэн зэрыхуейм.

Псалъэм папщІэ, ЩІы Хъуреймт тет къалэхэм я нэхъыбапІэм автомашинэу щыщІэкІуэм я бжыгъэр куэдкІэ нэхъ мащІэ зэрыщыхъуам, зэрыгурыІуэгъущи, дыззэрыбаУэжьым и къабзагъэр хэтщІыкІыу иригъэфІэкІуащ.

Араши, си гугъу тщІа Іэщ Іагъэлъ Іэм щІыуэпсым и щытыкІэм ехьэлІа къэпщытэныгъэхэри яхуегъэкІуэкІынущ, зэрыщыту къатщтэмэ, дунейпсо жылагъуэмрэ экономикэмрэ къыщыщхъу зэхъуэкІыныгъэхэр зыхуэдэри къахуэхутэнущ ЩІым ихъуреягъкІэ хъэршым къыщызылъэтыхь «кхъухьхэм» Copernicus Sentinel-5P европей спутник мисиием ипкъ иткІэ щагъэува щІэныгъэрылажьэ ІэмэпсымэхэмкІэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● ДифІ догъэлъапІэ

Гъащ Іэм и гъуазэ

Аддэ зы зэман гуэрым Хъэзар тенджызымрэ тенджыз ФІыцІэмрэ я зэхуаку дэлъ щІынальэм зылІ и быну лъэпкъ куэду зэхэт ди адыгэхэр щыпсэугьат, лажьэрэ шхэжу, я щхьэхуитыныгьэр яхъуэмэжу. Гъавэ хасэрт, Іэщ ягъэхьурт, хадэ ящІэрт, жыг ягъэкІырт, лІыгъэрэ хахуагъэкІэ цІэрыІуэхэт. Тхьэдэ гъэгуанэ кІыхь икІи гугъуэсыгу къыкІуащ а лъэпкъым. Нэхъ зызыужьа дыдэ къэралыгъуэхэм къакІэрымыхуу дуней тетыкІэ екІу абыхэм зэраІам и щыхьт куэд тхыдэм ещІэж. Сыт и уасэ купщІафІэ дыдэу зэтегъэпсыхьа Адыгэ хабзэр?!

ДАУИ, а псор зезыгъакІуэр лъэпкъым къыхэлыдыкІ, гъащІэм и Іэныкъуэ псомкІи Іущыгъэ зыхэлъ, пажэ хъуф щІыхэр зыхуэхъунэ щыдиІэну Тхьэм жиІэ.

Пщэдджыжьыр къулъшыкъушхуэм нэсащ жыхуаІэ зэманым ирихьэлІэу, Къылышийхьэблэм и курыт еджапІэ №2-м и бжэІупэм къыулъаджат хьэщІэр къэзыша машинэр. А еджапІэм хэт сабий гъэсапІэм и унафэщІ Думэныщ Сусанна Іуэхущ Іапім къригъэблэгъат нобэрей адыгэ дуней псом къыщащІыху, пщІэшхуэ зыхуащІ макъамэтх щІэрыІуэ ХьэІупэ Джэбрэил. КъызэрыщіэкламкІэ, ар икІи усакІуэ Іэззщ. Сабий садым и гъэсакІуэхэмрэ щІыкІуэхэмрэ ягъэхьэзыра, «ДифІ догъэлъапІэ» зыфІаща пшыхьыр ЪьэІупэм и «Іэгуауэншэ пшыхь» усэ тхьылъ нэгъабэ дунейм къытехьам теуХуат. Хъуэхъу псалъэмрэ усэхэмрэ, уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ псэр ягъэгуфІэу къыщІэкІуакІыт макъамэ пэшым. Пшынэр игъэбзэрабзэрт гъэсапІэм и лэжьакІуэ ХьэтУ Розэ.

Хэт ищІа Джэбрэил усакІуэу?! И гъэпсыкІэкІи, и купщІэкІи псэр дзэымыхьэ зы уси ущрихьэлІэркъым тхылъым. Усэхэр зэрытха бзэр апхуэдизкІэ «адыгэбзэщи», апхуэдизкІэ бзэ шэрыуэщи, укъеджэ пэтми зыбгъэнщІыркъым, къытебгъэзэху и купщІэми зеубгъу. ПсалъэкІи къыбгурыІуэ хуэдизу, итІани, щхьэм къытІасэркъым зы усэ цІыкІум ЛъэпкъэпсоИ и тхыдзр къыззэрыщІиІуэтэфыр, зы усэ сатырым зы цІыхум и гъащІэр, и гуащІэр къызэрыщигъэлъэгъуэфыр, зы псалъэм цІыхум и псэм и хуабагъэр, цІыхугъэу хэлъыр къызэрыригъэубыдыфыр. НэгъуэщІу жыпІэмэ, усакІуэр философ Іэззщ. Дыжьмк, ГъащІэм, гупсысэм зэрызиужь хабзэ нэхъыщхьэ псори щызэблокІ усэхэм.

ТелъыджэщІ Джэбрэил и усэбзэри гупсысэхэм я зэкІэлъэныкъокІи. Тхыдэтхым ефІэкІыу усэхэм щыболъагъу дэтхэнэ лъэхъэнэми и нэпкъыжьэ нэхъыщхьэр. НэкІэ плъагъум ещхьу, усэ сатырхэм гъащІэм и теплъэгъуэхэр уи нэгу къыщІалъэгъуэз, лъэхъэнэ блэкІахэм ухешэри, умыщІэххэу нобэрей дунейм укъытохутэж. Псом хуэмыдэу телъыджащ дунейм и къэхъутэкъэхэр къыщиІуэтэ усэхэр. Ар псэр зыгъэхуабэ пщэдджыжь дыгъэпсщ, ар гупсысэ Іэфым ухэзышэ узэспс кьабззщ, ар уафэмрэ щІылъэмрэ я зэхуаку щекІуэкІ гъащІэм и фІыгъуэри, и дагъуэри псэкІэ зыхозыгащІэ щІагъыбзэ псалъэщ. Мы усэхэр зи Іэдакъэщ Іэкіым и хьилмымрэ лъэпкъым хуиІэ лъагъуныгъэм и гуащІагъэмрэ къыззрыпхутэн псалъэ щыІэу пІэрэ? ФІэщ щІагъэуэну. Джэбрэил хуэдэ лъэпкъ вагъуэхэрщ гъащІэм и Іуэхэр. Апхуэдэжкъэм и Іэужьыр лъэужь зыхуэхъун щІалэгъуалэ сыт хуэдэ лъэхъэнэми щыдиІэну Тхьэм жиІэ.

Ди щхьэ тетлъхьэфынкъым ХьэІупэм и усэхэр зэпкърыхуну, абыхэм дыкъыщеджэм дызыхуиша гупсысэмрэ щІэуэ дыкъызыхуигъэуша дуней епльыкІэмрэ къэтІуэтэну яужь диту аркъуедийц...

Апхуэдиз щІэрыІуагъ зиІэ щІыхум сабийми балигъми я усэ кьеджжкІэр фІэгъащІэгъуэну, ЛъагъунытІэ къызыщІих нэ жанкІэ дэтхэнэми кІэлъыплъу щыст. ЕкІуэкІ Іуэхур и гуапэ дыдэ зэрыхьэр и нэгум кьищырт, насыпышхуэ къеуэлІам хуэдэу, пыгуфІыкІырт. «Еплъыт, еплъыт мо сабийр (хьэжэбз щыкІур ильэсищплы ныбжьым итт) лъапэпцІийуэ телъыджащэу къызэрыфэм» - псори фІэгъащІэгъуэнт макъамэтх-усакІуэм. Абы япэу зэхихыу апрат мыпхуэдэ ныбжьым ит сабийхэр и усэхэм кьеджэу.

ГъащІэгъуэн дыдэу, гум зигъэпсэхуу, псэр игъэгуфІэу екІуэкІащ пшыхьыр. Удахьэхырт сабийхэм я усэ кьеджжкІэми, я уэрэд жьІэкІэми, екІупсу, щхьэжкІэплъыкІэу ящыгъ адыгэ фащэхэми. Псом хуэмыдэу нэр игъэгуфІэрт щымыІэжу ди гугъэ щхьэц кІыхьхэр тІуэу ухуэнауэ зи щІыбым едэыха хьэджжбз цІыкІухэм я теплъэм. ЪьапкъымиИ хьэл-щэни, и теплъи зэрымыкІуэдыныр и щыхьэткъэ ар?!

Дахэт, щэнейфІэт гъэсакІуэхэри, усэ кьеджжэнкІи, къэфэжкІи, уэрэд жьІэнкІи, къызэрыкІауэ, я зэфІэкІ кьагъэпъагъуэрт.

Мыпхуэдэ пшыхь купщІафІэ къызэзыгъэпэща и лэжьакІуэхэм гуапэу фІыщІэ яхуищІащ еджапІэм и унафэщІ Къуныжь Анзор, хьэщІэми ехъуэхъуащ узыншэну, и хъуэпсапІэм и лъапІэм ЪьэІсыну. Дэри дохъуэхъу ди псы уэрхэр ежхэуну, ди бгыжь уардэхэр щытыху, лъэпкъ жьэгу пащхьэр мыункІыфІыну.

Нартан дэт курыт еджапІэ №2-м и сабий садым и гъэсакІуэхэу **КЪАЛАКІУЭ Жанпагуэрэ ПАЩІЭ Инетэрэ.**



Я унэм къыщІэмыкІыу

● Урысейм и пощт

Коронавирус уз зэрыцІалэр щыета зэманым я унэм къыщІэмыкІыу цІыхухэм пенсэхэмрэ пособиехэмрэ яІэрегъэхьэ «Урысейм и пощт» АО-м.

«УРЫСЕЙМ и пощтым» пенсэхэр къыщелызыххэм я процент 28-рац абы и къудамэхэм кІуэурэ ахэр иджыри къэс къыщызыщтэжу щытар. Мэлыжьыхь мазэм ахэри я унэм къыщІэмыкІми хъунущ - пощтэзехьэхэм ахъшэр и чэзум къыхуахьнущ.

8-800-1-000-000 телефон номерым псалъэмэ, дэтхэнэми Іэрагъэхьэнущ «Урысейм и пощт» Іэнатіэм цІыхухэр япэу зыхуеину хьэпшыпу щащэхэр. КъищынэмыщІауэ, кьрахьэкІ пощт-кассэ терминалІэ къызэгъэпэща пощтзехьэхэм ират хъунущ къыхуащІа коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр, газетхэмрэ журналхэмрэ кьрагъэхьхьын папщІи Іэ щІадзыфынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Марин**э (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (ахъуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщхьэдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; ахъуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядолжжьнымкІэ - 42-60-53; зэшэнагъэр хъуэмэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суръэтхэым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтекІуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэзащ и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, БсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьащэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянн,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Марин**э, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *суръэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тращэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.099 ● Заказ №681